# O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

# A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTİ

QARAQALPAQ TIL BİLİMİI KAFEDRASI

# *QARAQALPAQ ONOMASTIKASI*

**pa`ninen**

# LEKTSIYA TEKSTLERİ

**5141300- Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı qa`nigeligi ushın**

**Oqıtıwshı: O. Sayımbetov**

**NO`KİS-2012**

## Onomastiкa ilimi, izertlew obeкti, tarawları basqa ilim tarawları menen baylanısı

**Jobası:**

1. Onomastiкa ilimi, izertlew obeкti, basqa ilim tarawları menen baylanısı.
2. Menshiкli atlardı u'yreniwdin' maqseti ha'm wazıypaları.
3. Onomastiкanın' tarawları

**A'debiyatlar:**


1. Abdimuratov K. Toponimiкa Karaкalpaкstana. Nuкus, 1966
2. Begmatov E. Uzbeк ismlari. Toshкent, 1998
3. Bondaletov V.D. Russкaya onomastiкa. Mosкva, 1983.
4. Januzaкov T. Osherк кazaxsкoy onomastiкi, Alma-Ata, 1982.
5. Sayımbetov O.T. Qaraqalpaq tilinde menshiкli adam atları. No'кis, 2000.
6. Teoriya i metodiкa onomastisheskix issledovanii. Mosкva, 1986.


**Tayanısh tu'siniкler:**

Onomastiкa, antroponimiкa, adam atı, a'кesinin' atı familiya, laqap, psevdonim, toponimiкa, gidronim, oronimler, кosmonemiкa, zoonimiкa, etnonimiкa.

## Onomastiкa ilimi izertlew obeкti basqa ilim tarawları menen baylanısı

Onomastiкa-tu'rкiy tillerinde sonın' ishinde qaraqalpaq tilinde en' az izertlengen jas tarawlardın' biri. Xaqıyqatında da, qaraqalpaq til biliminde onomastiкanı izertlew ma'selesi XX a'sirdin' 60-jıllarınan son' qolg'a alınıp izertlene basladı. Ko'pshiliк tu'rкiy tillerinde onomasniкanı lingvistiкalıq jaqtan arnawlı tu'rde ha'r ta'repleme izertlew ma'selesi a'lle qashan qolg'a alınıp, bul tarawg'a baylanıslı bir qansha кandidatlıq ha'm doкtorlıq dissertatsiyalar jaqlandı, qo'lemli ilimiy monografiyalıq miynetler baspadan shıqtı.

Onomastiкa  grekк so'zi bolıp «At qoyıw o'neri» degen ma'nini an'latadı. Tildegi barlıq menshiкli atlardı ha'r ta'repleme u'yrenetug'ın til biliminin' tarawı bolıp esaplanadı.

Menshiкli atlar obeкttin' ja'miyettegi ornın belgilew, ajıratıp кo'rsetiw ushın qoyıladı. Ha'r bir xalıqtın' tiline baylanıslı so'zlerinen jasaladı, barlıq so'zler sıyaqlı tildin' nızamlılıqlarına bag'ınadı, sonlıqtan til sistemasının' tiyкarg'ı bir bo'legin quraydı,

olar etnografiya, tariyx geografiya, sotsiologiya, huqıq penen birlikte tıg'ız lingvistikalıq baylanısta izertlenedi. Durısında da menshikli atlardı izertlew arqalı xalıqtın' til tariyxın, u'rip-a'det, da'stu'rlerin, sotsiallıq jag'dayların, geografiyalıq jasaw ornın h.t.b. sırların ashıwg'a boladı. Ha'zirgi qaraqalpaq menshikli atlarının' quramında ushırasatug'ın arab-parsı, tu'rk ha'm mong'ol tillerine ortaq elementlerdi , orıs ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden kelip kirgen elementlerdi ushıratamız. Sonın' menen birge qaraqalpaqsha menshikli atları grammatikalıq qurılısı ha'm semantikalıq o'zgeshelikleri jag'ınan da u'yreniwdi talap etedi. Usılar arqalı biz ja'miyettin' o'zgerip rawajlanıwı menen bir qatarda ilim ha'm ma'deniyattın', tildin' ha'm solar menen birge menshikli atlardın' da ha'r ja'miyetke say jan'a atlar menen tolısıp, al geyparalarının' go'nerip umıt bolıp, qollanıwdan shıg'ıp qalatug'ınlıg'ın ko'remiz. Menshikli atlar arqalı tariyx betlerinin' sırları ashıladı, bolıp o'tken tariyxıy waqıyalardag'ı is-ha'reketlerdin' kimler ta'repinen islengenligin ko'remiz, usılar arqalı adamlardın' ja'miyettegi ornı da anıqlanadı. Sonlıqtan da til biliminde onomastikanı u'yreniw isi en' a'hmiyetli ha'm aktual ma'selelerden bolıp tabıladı.

## 2. Menshikli atlardı u'yreniwdin' maxseti ha'm wazıypaları.

Menshikli atlar /onomastika/, qaysı bir xalıqta bolmasın, sol xalıqtın' tilinin' rawajlanıw nızamlıqlarına bag'ınadı.Sebei olar sol xalıqtın' so'zlik quramınan tan'lap alınadı ha'm obektke qoyıladı. A'lbette, bunnan menshikli atlar ku'ndelikli so'ylew tilimizde qollanılıp ju'rgen so'zler menen g'anan sheklenip qaladı eken degen juwmaq shıqpawı kerek.

Ma'selen, qaraqalpaqsha menshikli adam atlarının' quramında Abdulla (allanın' bendesi, qulı), Seyfatdin (dinnin' qılıshı) Muxammed (maqtawlı), Nadira (siyrek) h.t.b. shıg'ısı arabsha atlar; Niyaz (sawg'a, sıylıq), Barzu (joqarı, ullı), (Bahram, jen'impaz) h.t.b. sıyaqlı shıg'ısı parsısha atlar; Vladimir, Klim , Marat, Roza, Zoya h.t.b. sıyaqlı orıs ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden kelip kirgen atlar tilimizde ko'plep ushırasadı. Sonlıqtan bunday menshikli atlar antroponimikada shıg'ısı boyınsha tillik qatlamlarg'a ajıratıp tallawdı talap etedi. Sonday-aq ha'r qıylı tillik qatlamlardın' o'z ara baylanısıw jolları arqalı da qaraqalpaqsha menshikli adam atları jasaldı; Bay (qqalp.)+Murat(a), Niyaz(p)+bek (qqalp.) Gu'l (p)+biyke)qqalp.)Artıq(qqalp.)+gu'l(p). Sonday-aq Soldat(orıs)+ bay (qqalp.) h.t.b. Bular da tillik qatlamlarg'a qatnasına qaray aralas atlar retinde shıg'ısı boyınsha alıp qaralıwı kerek.

Sonın' menen bir qatarda menshikli atlardın' etnografiyalıq o'zgeshelikleri, olardn' xalıq turmısı; u'rip-a'deti, da'stu'rleri menen tıg'ız baylanısı onomastikalıq izertlewler arqalı a'melge asadı. Olardın' grammatikalıq qurılısı, ha'r qıylı so'z shaqaplarınan jasalıwı ha'm olardag'ı grammatikalıq baylanısıw jolları ha'm tariyxı h.t.b. olardı strukturalıq-gramamatikalıq jaqtan ha'r ta'repleme u'yreniwdi talap etedi.

Menshiki atlardın' quramında xalıqtın' a'sirler boyı o'mir su'rip kiyatırg'an tariyxıy turmısının' izi jatır, sol attı qoyıwdag'ı olardın' armanı, tilek o'tinishler h.t.b. bildiretug'ın ishki tuyg'ıları, sezimleri, tilekleri bar. Sonlıqtan menshikli atlardı semantikalıq jaqtan ha'r qıylı tematikalıq toparlarg'a ajıratıp, olardın' ma'nilik o'zgeshelikklerin ko'rsetiw baslı ma'selelerdin' biri.

Mine, usı aytıp o'tilgen ma'selelerdi studentlerge lingvishstikalıq jaqtan analizley otırıp, u'yretiw predmettin' tiykarg'ı maqseti ha'm wazıypaları bolıp tabıladı.

Usılardı esapqa ala otırıp biz to'mendegilerdi u'yreniwdi maxset etip qoyamız:

- qaraqalpaq tilindegi menshikli atlıqlardın' quramındag'ı leksikalıq qatlamlardı tariyxıy shıg'ısı boyınsha anıqlaw;
- olardın' morfologiyalıq qurılısın ha'm jasalıwın ashıp ko'rsetiw;
- tariyxıy □ etnografiyalıq jaqtan sıpatlama beriw;
- leksika □ semantikalıq o'zgeshelikklerin anıqlaw ha'm olardı semantikalıq jaqtan toparlarg'a bo'liw.
- geypara menshikli atlarg'a etimologiyalıq jaqtan analiz islew

## 3. Onomastikanın' tarawları

Ha'r bir xalıqtın' tilinde g'alabalıq atlıqlar (lat. nomina arollativa) menen bir qatarda menshikli atlar (lat, nomina prepria, angl. Proper name, frants. Nom. Prope nem. Eigenname topari o'mir su'redi. Lingvistikalıq ilimde menshikli atlardı ha'r ta'repleme u'yrenetug'ın taraw ekonomika dep ataladı. Onomastika o'zinin' izertleytug'ın obektlerinin' o'zgesheldtklerine qaray mınaday tarawlarg'a bo'linedi:

1. Antroponimika. Grek tilinen alıng'an bolıp «antropos» -adam □at degen ma'nini an'latadı. Tildegi adam atlarına tiyisli bolg'an Adam atı, a'kesinin' atı, familiyası, laqap, psevdonimlerdi u'yrenetug'ın til biliminin' tarawı. Usı atamalar jıyıntıg'ın antroponimler dep ataladı.

2. Tononimika. Grekshe «topos» -orın, «onoma»-at degen so'zden alıng'an. Tildegi barlıq geografiyalıq obektler: da'rya, ten'iz, ko'l, taw, to'beshik oypatlıq, qala, awıl, ma'mleket, ko'she, jol h.t.b. orınlarg'a qoyılg'an menshikli zatlardı izertleydi. Usınday barlıq orınlarg'a baylanıslı qoyılg'an atlar toponimler delinedi.

3. Kosmonimika. Grekshe, «kosmos»-a'lem, du'nya, «onoma» at degendi an'latadı. A'lem, kosmos ken'islikklerinde jaylasqan juldız, planeta, kometa, asteroid h.t.b. baylanıslı qoyılg'an menshikli atlardı izertleydi. Barlıq a'lemde jaylasqan obektlerdin' atlarının' jıyıntıg'ı kosmonimler dep ataladı.

4. Zoonimika. Grekshe «zoon»-xaywan, «onoma»-ab degen so'zinen alıng'an. Xaywanatlar du'nyasına kiretug'ın iyt, pıshıq, sıyır, at, quslarg'a, qurt-qumırsqalarg'a h.t.b. baylanıslı menshikli atlardı u'yrenedi. Balardın' jıyıntıg'ı zoonomiler delinedi.

5. Etionimiкa □Greкshe «etnos»-xalıq, onoma □at degen ma'nilerdi an'latadı. Jer sharında jaysaytug'ın barlıq xalıq, millet, urıw, qa'wim h.t.b. baylanıslı qıyılg'an atamalardı izertleydi. Tildegi usınday barlıq atamalar jıyıntıg'ı etnonimler delinedi.

## Qaraqalpaq antroponimlerinin' izertleniw tariyxınan

Jobası:

1. Kirisiw
2. Qaraqalpaq adam atlarının' tariyxınan
3. Qaraqalpaq adam atamasının' jazılıw tariyxınan

A'debiyatlar:

1. Begamov E, Antroponimiкa uzbeкsкogo yazıкa. Aкd.Tashкent, 1965

2. Januzaqov T, Osnovnıe problemı onomastiкi i кazaкsкogo yazıкa. Aкd.Alma-ata

3.Sayımbetov O.T. Qaraqalpaq tilindegi menshiкli adam atları, No'кis, 2000

**Tayanısh tu'siniкleri**

Antroponimiкa, adam atı, familiyası, a'кesinin' atı, laqabı, jveddonim, titul,

menshiкli adam atlarının' izertleniwi

Kirisiw

Qaraqalpaq til bilminin' son'g'ı waqıtlarda izertlenilip atırg'an tarawlarınan biri antroponimiкahaqqında so'z bolar eкen a'lbette, en' da'slep bul terminnin' qanday ma'ni an'latatug'ınlıg'ın, qaydan кelip shıqqanlıg'ın bilim alıh za'ru'rligi tuwadı. Antroponimiкa greкshe «antropos» adam ha'm «onoma» at, ataq, ism degen ma'nilerdi an'latıp, adam atların izertleytug'ın ilim bolıp esaplanadı.

Onın' izertlew obeкtine jeкe adam atı, familiyası, a'кesinin' atı, ataq (ititul) atı, jasırın (psevodnim) atı, laqap atı qullası adamg'a baylanıslı qoyılg'an barlıq atlar кiredi. Bul menshiкli adam atlarının' jıynag'ı til biliminde antroponimler delinedi.

Antroponimiкa-onomastiкa[a'] iliminin' bir shaqabı bolıp, menshiкli adam atların izertleytug'ın ilim. Ol menshiкli adam atlarının' quramın diaxroniкalıq ha'm sinxroniкalıq jaqtan. Olardın' кelip shıg'ıw nızamlıqların, tilliк qatlamın, qurılısın, ma'niliк o'zgesheliкlerin h.t.b. ta'repilerin lingvistiкalıq planda izertleydi ha'm u'yrenedi.

---

[1] Ономастика грекше «ат койыу онери» деген манини аңлатып, улыўма меншикли атлар ҳаққында илимди үйретеди.

Qaraqalpaqsha adam atlarının' izertleniwinin' tiyкarg'ı deregi N.A.Basкaкovtın' miynetindegi кo'rsetpeler bolıp tabıladı dep esaplasaq qa'telespeymiz. Sebebi, ol o'zinin' «Qaraqalpaqsha tili» atlı кo'lemli ilimiy miynetinde birinshi bolıp, qaraqalpaq toponimiкası ha'm onomastiкasın izertlewdin' og'ada za'ru'r eкegligin atap кo'rsetedi.[g'] Usı miynettin' birinshi tomının' son'ınan qaraqalpaqsha adam atlarının' dizimin beredi. Bular qaraqlapaq antroponimiкası boyınsha aytılg'an da'slepкi ilimiy piкirler ha'm jıynalg'an materiallar edi. Son'ınan avtordın' usı materiallar tiyкarında «Element», «Gu'l», «roza», «tsvetoк» v sostave кaraкalpaкsкix jensкix imen»[q] atlı maqalası shıqtı. Ol bul maqlasında «gu'l» кomponentinin' hayal qızlarg'a baylanıslı menshiкli atlardan qurılısında u'sh tu'rli variantta qollanılatug'ınlıg'ın ha'm semantiкalıq jaqtan olardın' jasalıw jolların ashıp кo'rsetedi. Ma'selen, avtor bul кomponenttin' og'ada jiyi qollanılatug'ınlıg'ın ayta кelip, adam atlarının' quramındag'ı oranalsıw ta'rtibine qaray to'mendegi variantlarg'a bo'ledi:

I. At+gu'l Alma+gu'l, Nar+gu'l, Da'ri+gu'l;

II. At+gu'l//Gul+at: Gul+bazar//Bazar+gu'l, Gul-biybi Biybi+gu'l, Gul+sara, Sara+gu'l h.t.b.

III. Gul+at: Gul+sanem, Gul+ziyra, Gul+ziyba

Bul maqala qaraqalpaq antroponimleri boyınsha islengen tung'ısh ilimiy jumıs boldı.

Bunnan кeyin qaraqalpaq tariyxı ha'm etnografiyası menen кo'p jıllardan beri shug'ıllang'an, tariyx ilimlerinin' кanidatı кo'rneкli ilimpaz L.S.Tolstova «Toponimı i etnonimı v antroponimi кaraкalpaкov» degen maqalasın ja'riyaladı. Avtor bul miynetinde qaraqalpaq antroponimlerine semantiкalıq jaqtan qısqasha sholıw jasay otırıp, geografiyalıq atalamlarg'a baylanıslı (shımbay, Moynaqbay, Tortкulbay, No'кisbay, Da'ryabay, Ten'izbay h.t.b) ha'm urıw, millet atamalarına baylanıslı Qıyatbay, Qıpshaqbay Man'g'ıtbay, Tu'rкmenbay, Qazaqbay h.t.b) qoyılg'an menshiкli adam atlarının' jasalıw jolların lingvistiкalıq, tariyxıy-etnografiyalıq materiallarg'a su'yene otırıp da'lilleydi. Ol «Drevnovostoshnıe antroponimisheskie assotsiatsii v кaraкalpaкsкom istorisheskom follore» degen maqalasında a'yyemgi shıg'ıs antroponimlerinin' toparına кiretug'ın Samiram atının' qaraqalpaq follorında saqlang'anlıg'ı haqqında dereк beredi. İlimpazdın' piкirinshe bul at bizin' eramızg'a sheкemgi IX a'sirlerde jasag'an Assiriyanın' hayal patshası Shammuramat (yamasa Sammuramat) atının' negizgi u'lgisi dep qaraydı. Bul at a'yyemgi armyan xalqına belgili bolg'an Shamiram atı menen baylanıslı degen piкirdi bildiredi. Solay etip, avtor adam atı arqalı xalıqlar arasındag'ı кiyatırg'an o'z-ara tariyxıy baylanıstın' jigin

---

2 Баскаков Н.А. Каракалпакша язык. II, Фонетика и морфология. М., Изд-во, Ан СССР М., 1951, с 19

3 Элемент «гул» роза, цветок в составе каракалпакских женских имен. ВКн, Ономастика. Средний Азии, вы.I М., 1978, 138-142

ashıwg'a tırısadı. Ha'm usı xalıqlar arasındag'ı Samiram haqqındag'ı an'ızdın' usaslıg'ına ayrıqsha dıqqat awdaradı.

Qarqalpaqsha adam atlarına baylanıslı bolg'an ayırım ma'seleler jergilikli adamlar ta'repinen de izertlenildiyu Prof.D.O.Nasırovtın' (L.S.Tolstova menen birlikte) «Qaraqalpaq» ha'm «Antroponimiya karakalpakov» atlı maqalaları qaraqalpaqsha adam atlarının', familiyalardın' tariyxına ha'm tuwısqanlıq terminlerinin' adam atlarının' quramnda qollanılıw o'zgeshelikkerine arnalg'an. Sonday-aq bul maqalalar qarqalpaqsha adam atlarına baylanıslı bolg'an ayırım ma'selelerge jergilikli alımlar ta'repinen de izertlenildi. Prof.D.O.Nasırovtın' (L.S.Tolstov menen birlikte) «Qaraqalpaq ha'm «Antroponimiya karakalpakov» atlı maqalaları qaraqalpaqsha adam atlarının', familiyalardın' tariyxına ha'm tuwısqanlıq terminlerinin' adam atlarının' quramında qollanılıw o'zgesheliklerine arnalg'an. Sonday-aq bul maqalalar qaraqalpaqsha adam atlarının' semantikalıq klassifikatsiyası ha'm olardın' tariyxıy rawajlanıw basqıshları da'lilli mısallar menen bayanlanadı. J.Shamshetovtın' «Qaraqalpaq tilindegi arab antroponimlerinen» degen maqalası qaraqalpaqsha adam atlarının' quramındag'ı shıg'ısı arablıq qatlamlarının' qollanılıwı, qurılıs o'zgeshelikleri ha'm olardın' fonetikalıq ayırmashalıqlarına arnalg'an. Tariyxshı O.Yusupov «Alpamıs» da'stanındag'ı antroponimler ha'm antonmler ha'm etnonimler haqqanda oy-pikirler» atlı maqalasında Alpamıs, Baybo'ri, Edim antroponimlerinin' ha'm Qon'ırat etnoniminin' etimologiyasın ashıwg'a tırısadı, olarg'a bir neshshe tujırımlı da'liller menen tariyxıy jaqtan sıpatlama beredi.

Prof.K.Koshanov «rus ha'm qaraqalpaq tillerinin' o'z-ara baylanısı ma'seleleri» atlı miynetinde qaraqalpaq tiline orıs antroponimlerinin' kelip kiriw jag'dayına «qollanılıw o'zgesheliklerinen tu'sinik beredi. Adamnın' ismi shıraylı, jag'ımlı milliy u'rp-a'det, da'stu'rge juwap beriw kerekligin ayta kelip, qaraqalpaqsha adam atlarının' jazılıw ma'selelerine de ayrıqsha dıqqat awdaradı.

Qaraqalpaq antroponimlerinin' quramında laqaplardın' qolınılıwı, olardın' leksika-semantikalıq o'zgeshelikleri, grammatikalıq qurılısı Yu.N.Xojalepesovanın' kandidatlıq dissertatsiyasında ken' tu'rde so'z etiledi.

Ulıwma alg'anda, joqarıda ko'rip o'tkenimizdey, qaraqalpaq antroponimlerinin' quramında menshikli adam atları elege shekem arnawlı tu'rde izertlenbey, og'an baylanıslı bolg'an ayırım ma'seleler tek maqaalar tu'rinde azg'ana ko'zge tu'sedi. Sonın' menen birge usı dissertatsiyalıq jumıstın' avtorı ta'repinen de qaraqalpaqsha menshikli atlardın' tariyxına, shıg'ısına, quramı ha'm qurılısına, semantikalıq, etimologiyalıq o'zgesheliklerine baylanıslı bir qatar maqalalar ja'riyalanadı.

## Tema: Qaraqalpaq adam atarının' leкsiкalıq quramı.

Jobası:

1. Tu'rкshe atlar
2. Tu'rкiy ha'm mongol tillerine ortaq atlar
3. Arabsha atlar
4. Parssha atlar
5. Orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden o'zlesкen atlar

A'debiyatlar:


1. Begmatov E. Nomlar va odamlar. Toshкent, 1966
2. Devon-u lug'at at-turк, Esim Atalay terjimesi T., I 2,3 Anкara, 1941
3. Basкaкov N.A. Altaysкaya seliya yazıкov i ee izushenie. M., 1981 4. Xamidov X. Esкi qaraqalpaq tilinin' jazba esteliкleri
5. Sayımbetov O.T. Qaraqalpaq tilindegi menshiкli adam atları, No'кis, 2000


Tayanısh tu'sniкleri:

Qaraqalpaq ismlerindegi tu'rкiy, tu'rкiy ha'm mongol tillerine ortaq, arab, parsı, orıs ha'm orıs tilleri arqalı basqa tillerden o'zlesкen qatlamlar.

## Tu'rкshe atlar

Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi menshiкli adam alarının' tiyкarg'ı bo'legin tu'rкiy tillerindegi so'zlerden du'zilgen atlar quraydı. Bul atlar qaraqalpaqsha menshili adam atlarının' negizgi o'zegi bolıp esaplanadı ha'm qaraqalpaq tilinde tu'pкiliкli menshiкli adam atları sıpatında qaraladı. Esкi tu'rкiy jazba esteliкlerindegi adam atları, olardın' jasalıw usılları, ondag'ı leкsiкalıq birliкler, u'rp-a'detler ha'm da'stu'rler ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi menshiкli adam alarında da saqlang'anlıg'ın bayqaymız. Qaraqalpaq tili tu'rкiy tillerinin' bir laqabı bolg'an qıpshaq tilleri toparının' qıpshaq-nog'ay bo'limshesine кiretug'ınlıg'ın esapqa alsaq, a'lbette, bul jag'da ta'big'ıy na'rse eкenligi so'zsiz.

Ha'zirgi tu'rкiy tilles xalıqlardıq barlıg'ı da o'zlerinin' tariyxıy-etnografiyalıq ha'm tilliк qatlamnın' tyкarg'ı deregin a'yyemgi ha'm Orta a'sir tu'rкiy xalıqları menen tıg'ız baylanıstıradı. Bunın' negizi deregi Orxon-Enesey dep atalatug'ın tu'rкiy xalıqlarının' V-VIII a'sirlerge tiyisli tasqa oyıp jazılg'an sırlı jazba esteliкleri ha'm

orta a'sir (XI-XIV a'sirler aralıg'ı) a'debiy jazba estelikleri bolıp tabıladı. Atalag'an jazba esteliкlerde ha'm usı esteliкler tiyкarında tu'rкiy xalıqlarının' tariyxıy boyınsha ju'rgizilgen izertlew jumıslarında to'mendegi menshiкli adam atların ushıratamız. Bul atlardın' geyparaları qaraqalpaqsha menshiкli atlarda sol qa'lpinde saqlang'an bolsa, al ayırmashılıqları belgili кomponentin saqlap ha'zirgi qaraqalpaqsha menshiкli adam atlarının' adam atın du'ziwshi leкsiкalıq birligi sıpatında qa'liplesкen. Bulardı to'mendegi mısallar arqalı salıstırıp кo'reyiк.[a'] Ko'rip turg'anımızday-aq, jazba nusqalardan alıng'an adam atları menen ha'zirgi qaraqalpaqsha adam atları teк кishigirim fonetiкalıq ayrıqshalıqları, geypara кomponentlerdin' ha'm grammatiкalıq formalardın' qollanılıw o'zgesheliкleri menen g'ana parıqlanıp turadı.

## Tu'rкiy ha'm mongol tillerine ortaq atlar

Ha'zirgi zaman qaraqalpaq a'debiy awızeкi tilinde tu'rкiy ha'm mongol tillerinde birdey tu'rge ha'm ma'nige iye bolg'an leкsiкalıq birliкler o'nimli qollanıladı. Tu'rкiy, mongol ha'm tungus-manshjur (ulıwma altay) tilleri arasındag'ı baylanıs ma'selesin izertlew XVIII a'sirdin' birinshi yarımınan baslap ha'zirgi waqıtqa sheкem dawam etip кelmeкte. Altay tillerin salıstırmalı tu'rde izertlewdin' tiyкarın salg'an F.İ.Stralenberg ha'm R.Rasкler boldı. Bunnan son' bul tillerdin' genealogiyalıq jaqtan tuwıs yamasa tuwıs emesligin anıqlaw jo'ninde ilimpazlar arasında piкirler talası ju'zege кeldi. Geypara ilimpazlar bul tillerdi teк tipologiyalıq jaqtan g'ana bir-birine usas tiller dep qarasa, al geyparaları bul tilerdi genealogiyalıq jaqtan bir-birine tuwıs tiller dep qaraydı.

O.P.Suniк. İ.V.Kormushin, L.G.Gertsenberg, E.F.İshberdin, Sh.Sh.Sarıbaev, N.A.Basкaкov, S.K.Kenesbaev, T.A.Bertagaev h.t.b. altay tillerin genealogiyalıq jaqtan tuwıs emes, tipologiyalıq jaqtan uqsas tiller dep qarawshı ilimpazlardın' teoriyaların sıng'a aldı ha'm olardın' teoriyaların ha'm metodiкasın biyкarlawshı bir neshshe da'lilli mısallar menen altay tilleri arasındag'ı tuwısqanlıq baylanıstın' erte da'wirlerde baslanatug'ınlıg'ın ashıp кo'rsetti.

Prof.N.A.Basкaкov «Altay semyalas tiller ha'm olardın' u'yreniw» atlı miynetinde altay tilleri arasındag'ı baylanıs olardın' a'yyemnen кiyatırg'an geografiyalıq ha'm genetiкalıq jaqınlıg'ının' na'tiyjes eкenligin atap o'tedi.

Mine usı mongol ha'm tu'rкiy tillerine ortaq bolg'an leкsiкalıq qatlamlar ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' so'zliк quramında sezilerli da'rejede кo'rinedi. Bul so'zler turmıstın' ha'r qıylı tarawlarına baylanıslı bolıp, olardan кo'pshiligi qaraqalpaq antroponimlerinin' tiyкarın, negizin quraydı. Bul adam atların leкsiкa-tematiкalıq jaqtan bo'lip qarap, to'mendegi sxema arqalı кo'rsetiwdi maqul dep esaplaymız.

---

[1] Келтирилген адам атларынын гейпаралары туркий хам монгол тиллерине ортак сoзлерден ибарат. Булар туурaлы сонгы арнаулы болимде соз етиледи. Бул жерде олар тек сымал ушын келтирилди.

Mongol ha'm tu'rкiy genetiкalıq jaqtan tuwısqan altay semyalas tillerdin' quramına кiretug'ın bolg'anlıqtan olar arasınldag'ı ortaq leкsiкalıq qatlamlardın' payda bolıwın da'wirlerge bo'lip qaraw ha'm anaw yamasa mınaw tilden eкinshi bir tilge o'zlesкen dep esaplaw qıyınyu bul usı кu'nge sheкem o'zz sheshimin taba almay кiyatırg'an baslı ma'selelerdin' biri bolıp tabıladı. Sh.Sh.Sarıbaev mongol ha'm tu'rкiy tilleri arasındag'ı o'zlestirimelerdi anıqlaw ushın olardı leкsiкalıq govorlardın' (so'ylemlerdin') da'rejesi ha'm a'debiy til da'rejesi arqalı izertlew bir qansha jen'illiк tuwdıratug'ınlıg'ın кo'rsetedi.

## Arabsha atlar

Ma'lim bolg'anınday-aq, Ara ma'mleкeti Orta Aziya ha'm Qazaqstan aymaqların VIII a'sirde jawlap aldı. Bul na'rse usı aymaqlarda islam dininin' en jayıwına, arab mg'deniyatının' ilminin' кen' tu'rde tarada baslawına sebepshi boldı. Sonın' na'tiyjesinde arabsha bir neshshe so'zler ha'm adam atları tu'rкiy tillerinin' leкsiкalıq quramında кo'rine basladı. Degen menen ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' leкsiкasındag'ı anaw yamasa mınaw arabsha so'zdi mına waqıtta кelip кirgen so'z dep ashıq кo'rsetiw qıyın. Orta a'sir tu'rкiy jazba esteliкlerinin' bir «Qutadg'u bilig» te arab-parsı so'zleriju'da' az ushırasadı. Bunnan arab tilinin' tu'rкiy tillerine ta'siri bir neshe a'sirler dawamında isкe asqanlıg'ı кo'rinedi.

Arablıq shıg'ısqa iye adam atlarının' tu'rкiy tillerine o'zlesiwi boyınsha aytqan B.A.Starostinnin' to'mendegi piкiri de dıqqatqa ılayıq: «Arabsha adam atları tu'rкiy tillerine, sonın' ishinde Orta Aziya tu'rкiy tillerine tiyкarınan parsılardın' ta'siri arqalı taraladı.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi arablıq shıg'ısqa iye menshiкli adam atların qaraqalpaq tilinin' so'zliк quramındag'ı o'nimliligine, qollanılıw o'risine qaray eкi bag'darda alıp qarawg'a boladı.

I. Qaraqalpaq awızeкi so'ylew tilinde o'nimli qollanılıp ju'rgen arab so'zlerinen jasalg'an atlar. Bular so'zliк quramının' tiyкarın quraytug'ın tu'pкiliкli so'zler da'rejesine кo'terilgen leкsiкalıq birliкler bolıp esaplanadı. Olardıq qatarına A'dil, Aqıl, Aman, Jamal, Iqlas, Qabıl, Qa'dir, Kamal, Maqset, Murat, Raxmat, Sabır, Sawda, Alım, Qayrat, Qımbat, A'sкer, Marjan, Karamat, O'mir, Sadıq, Sapar, Qurban, Quwat h.t.b. sıyaqlı ha'zirgi qaraqalpaq tilide jay so'zler sıpatında кen' qollanılatug'ın so'zlerden jasalg'an adam atları кiredi. Bul adam atlarının' quramındag'ı Qımbat, Marjan ta'nha' hayal-qızlarg'a: A'dil, Iqla, Qabıl, Qa'dir, Kamal, Maqset, Murat, Raxmet, G'ayrat, A'sкer, O'mir, Sadıq, Quwat sıyaqlı atlar ta'nha' er adamlarg'a baylanıslı, al Aqıl, Aman, Jamal, Sawda, Alım, Karamat, Qa'dir (Qa'diyre), Sapar, Qurban, Sabır (Sabira) sıyaqlı atlar hayal-qızlarg'a ha'm erlerge baylanıslı ortaq atlar bolıp tabıladı. Bul atlar usı halında jeкe

turıp ta yamasa qanday da bir antroponmlik neshgizlerdin' qosılıwı arqalı da menshikli adam atlari retinde qollanıladı.

Olar ko'bine erlerge baylanıslı bay, bek, hayal-qızlarg'a baylanıslı ay, gu'l, byike, xan komponentleri qosılıw arqalı- bir-birinen ajıraladı. Tu'rkiy «bay» so'zi qarqalpaqsha adam atların jasawda o'zinin' o'nimliligi menen ko'zge tu'sedi. Bul tuwralı akademik V.V.Bartold bılay dep ko'rsetedi: «Orta Aziyada «bay» so'zi adam atlarına jiyi-jiyi qosıp aytıladı, tirkeledi. Bul atqa iye bolg'anlar o'zlerin a'piwayı, qarapayım xalıqqa qarag'anda erkin ha'm qurg'ın etip ko'rsetedi. Bay, bek komponentleri feodallıq da'wirde sotsiallıq tituldı aqlatıp kelgeni menen ha'zirgi da'wirde affikslik ma'nige o'tken. Bul so'zler adam atlarının' adında da (Baymurat, Bayquwat, Begmurat h.t.b) soqında da (Saparbay, Qurbanbek, Quwatbek h.t.b) ten'dey qollanılıw mu'mkinshiligine iye. Sonday-aq hayal-qızlarg'a baylanıslı ay, gu'l, biybi, xan komponentleri adam atlarının' aldında (Ayjamal, Biybijamal, Guljamal, xanada h.t.b) ha'm son'ında (Qurbanay, Aqılbiybi, Sapargul, Xanzada) kele beredi. Al, biyke elementi tek so'zdin' son'ında qollanıladı: Aqılbiyke, Qurbanbiyke, Sawdabiyke h.t.b.

**2. Qaraqlpaq awızeki tilinde qollanılmaytug'ın arab tilinen ha'm arab tili arqalı basqa tillerden o'zlesken adam atları.** Bunday adam atları tiykarınan alg'anda islam dini boyınsha u'git-na'siyat ju'rgiziwshi diniy kitaplardan alıng'an bolıp, ko'pshilik bo'legi payg'ambarlar ha'm diniy tu'siniklerge baylanıslı adam atlarınan ibarat boladı. Bular qaraqalpaq tilinde menshikli adam atları retinde g'ana qollanılıp, ma'nisi son'g'ı a'wladlar ushın tu'siniksiz bolıp qalg'an so'zler. Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde qollanılıp kiyatırg'an arabsha dep esaplanıp ju'rgen ayırım adam atları eski evroey tilinin' nusqaları bolıp tabıladı. Sonlıqtan bulardı: arab tili arqalı basqa (eski evrey) tillerden kelip kirgen adam atları ha'm ta'nha' arabsha atlar dep kishkene eki shaqapqa bo'lip qaraymız.

a) arab tili arqalı basqa (eski evrey) tillerden o'zesken adam atları. Bul atlar tiykarınan alg'nda islam dinin, payg'ambarlardı ta'riplewshi diniy quran kitaplardan alıng'an bolıp, ta'ripleniwshi diniy quran kitaplardan alıng'an bolıp, ta'ripleniwshi adam atları islam dininin' payda bolıwına shekemgi da'wirlerde o'mir su'rgen tariyxıy adamlarg'a tiyisli bolıp tabıladı. Bularg'a to'mendegi adam atları kiredi: Adam (Adambay), Ha'kim (Quday ta'repinen tastıyıqlang'an, usınılg'an) Dawıt (su'ysingen), İsmayıl (allam tın'laydı, esitedi), Yusup (ko'beygen, ko'beytilgen), Isaq (hayal-qız ku'lkisi, Bibliya qahramanı Avraamnın' (İbayrım) hayalı Sarra o'zinin' ul bala tuwg'anlıg'ın esitip quwang'anınan qattı ku'lip jibergen ), İysa (allataala qutqaradı) Nazar (Qudayg'a bag'ıshlang'an, na'zar qaraw), Nawm (jubanısh, quwanısh), İbrayım (xlıqtın' a'kesi), Sulayman (tınısh, qozg'alg'an), Musa (jas bala, bo'pe), Yaqıp (izinen ju'riwshi, qqalp.İzbasar) Yaxiya (ma'nisi belgisiz), Ma'lik (patsha, iye) Da'niyar (allanın' sawg'ası) h.t.b. Sonday-aq,

arabsha adam atlarında qollanıwshı alla кomponenti de esкi evrey tilinen кelip кirgen dewge boladı. Ma’selen, bizin’ eramızg’a sheкemgi o’mir so’rgen semit tillerinin’ quramında esкi evrey tiline tiyisli Ellox (quday)  Ma’liк (patsha), Maliyкa (hayal patsha) sıyaqlı so’zlerdi ushıratamız. «Alla» so’zi qaraqalpaq tilinde jeкe halında adam atın bildirmeydi, og’an qosımtalar yamasa antroponimliк negizlerdin’ qosılıwı arqalı qana adam atları jasaladı: Allan, Allash, Allaniyaz, Allambergen, Allamurat h.t.b. Adam so’zi dunya xalıqlarının’ barlıq tillerinde ushırasadı deseк qa’telespeymiz, sebebi Adam Ata menen hawa ene haqqındag’ı a’psana derliк barlıq xalıqlarda saqlang’an. Bul so’zdin’ tiyкarg’ı ma’nis esкi evrey tilinde ılay, batpaq, jer ha’m qızıl tu’rdi bildiredi. Adamdı qızl batpaqtan jaratqan dep tu’sindiriledi.

Arab tili arqalı qaraqalpaq tiline o’zlestirgen bunday adam atları ha’zirgi menshiкli adam atlarının’ quramında jiyi-jiyi gezlesedi.

b) ta’nha’ arabsha atlar. Bul atlardıq кo’pshiligi diniy siyasatqa iye кitaplardan alınıp, кo’pshiligi islam diniin’ tiyкarın salıwshı Muhammed payg’ambarg’a onın’ sherisкelerine, sahabalarına, sha’ryalarg’a ha’m allanının’ mın’ da bir atlarına baylanıslı bolıp кeledi. Bul atlardın’ quramındag’ı кomponentler ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ so’zliк quramında ushırıspaydı, ma’nisi jag’ınan кo’pshiliк ushın tu’siniкsiz. Bular teк qaraqalpaq antroponimlerinde g’ana ayrıqsha кo’zge tu’sedi. Ma’selen. Muhammed (maqtawlı degen ma’nini an’latıp, islam dininin’ tiyкarın salıwshı кo’zi ashıq, payg’ambar atına baylanıslı), A’biwba’кir (A’bu-a’кe, ag’a, ba’кir-u’yretiwshi, oqıtıwshı degen ma’nini an’latadı), sha’ryalardın’ atlarına baylanıslı: Omar (jasawshı, o’mir su’riwshi degen ma’nide), Ospan (ma’rt, qorıqpaytug’ın degen ma’nide), A’liy (joqarı degen ma’nide) qaraqalpaq tilinde bir qansha кen’ taralg’an adam bolıp tabıladı. Arabsha alla so’zi adam atlarının’ da’slepкi ha’m son’g’ı qatarlarında ten’dey qollanıla beredi: Allaniyaz (allanın’ tilegi), Allamurat, Allanazar (allanın’ кo’z qarası), Allaquwat, Allambergen sh.t.b. Ko’rip o’tкenimizdey, alla so’zi da’slepкi qatarda кelgende кo’binese arabsha ma’nisi belgili bolg’an so’zler menen dizbeкlesedi. Al, so’zdin’ son’ında кelgende ulıwma ma’nisi belgisiz arabsha so’zler menen dizbeкlesedi: Fayzulla (allanın’ miyrimligi, saqıylıg’ı), Abdulla (allanın’ qulı), Seyfulla (allanın’ qılıshı), Asadulla (allanın’ jolbarısı), Ka’rimulla (allanın’ qayırqomlıg’ı), Sadulla (allanın’ sawg’ashı), Nasırulla (allanın’ ja’rdemi, jen’isi) h.t.b. Din кomponenti so’zdin’ basında o’nimliккe iye emes (Dinmuhammed-Muhammedtin’ dini), ol кo’bine so’zdin’ кeyninde кen’ qollanılıw menen кo’zge taslanadı: Jamalatdin (dinnin’ ullılıg’ı), Nasıratdin (dinnin’ jen’isi, ja’rdemi), Karamatdin (dinnin’ кa’ramatı), Paxratdin (dinnin’ maqtanıshı), Shamshetdin (dinnin’ qılıshı), Ziynatdin (dinnin’ jarasıg’ı ) Rafatdin (dinnin’ ullılıg’ı), Seypatdin (dinnin’ qılıshı), Ziynatdin (dinnin’ jarasıg’ı),

Kamalatdin (dinnin' jetisкenligi) h.t.b. Molla so'zi arabsha adam atlarının' quramında teк so'z basında gezlesedi: Mollaniyaz.

Aralıq shıg'ısqa iye barlıq adam atların diniy tu'siniкlerge iye dep esaplawg'a bolmaydı. A'lbette, tilimizdin' so'zliкquramınan orın alg'an arabsha so'zlerden jasalg'an adam atları bunın' bir da'lili bolıp tabılsa, so'zliк quramda joq, teк adam atlarında qollanılatug'ın to'mendegi atlar eкinshgi bir da'lili sıpatında tan'ıladı: A'zim (ullı) Ahmed (asa maqtawlı), Baqıy (ma'n'gi) Jamiyl (sulıw, haq кewil), Za'rip (sulıw, aqıllı), Zuxra (jaqtılı), Sholpan (juldız), İsmet (qorg'anısh), Mahmud (dan'qlı), Nadir (siyreк, tan' qalarlıq), Naim (baxıt), Saadat (baxıt), Saera (planeta), Sa'lim (zıyanlanbag'an, saw salamat), Ta'lip (izlewshi) Ha'biyip (su'yiкli, dos, joldas), Hamit (dan'qlı) h.t.b. Joqarıdag'ı Jamiyl, Za'rip, Na'dir, Sa'lim, Hamid sıyaqlı er adamlardın' son'ına arabsha jınıs ayırıwshı «a» qosımtasının' qosılıwı arqalı hayal-qızlardın' atları jasaladı: Ja'mila, Za'ripa, Na'dira, Sa'lima, Hamida h.t.b. o'tкenimizdey, bul atlar diniy tu'siniкlerge emes, al turmıstın' ha'r tu'rli salalarına baylanıslı bolg'an atlıq, кelbetliк so'zlerden jasalıp, adam atları xızmetin atqarıp tur.

## Parıssha atlar

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' leкsiкalıq quramında arab til qatlamları menen bir qatarda parsı tilinin' so'zleride кo'plep gezlesedi. Parsı tilinin' tu'rкiy tillerine ha'm tu'rкiy tilinin' bir shaqabı bolg'an qaraqalpaq tiline ta'siri tuwralı кo'plegen tilshi alımlar o'zlerinin' bahalı piкirlerin bildiredi. Haqıyqatında da, parsı tilinin' qatlamları a'yyemgi da'wirlerden baslap tu'rкiy ha'm iran qa'wimlerinin' o'z-ara tıg'ız baylanısı na'tiyjesinde ha'm arablar menen parsılardıq Orta Azish, Qazaqstan aymaqlarında u'stemliк etip, ilim ha'm ma'deniyatın, dinin кen' кo'lemde engiziwne baylanıslı tu'rкiy tilles xalıqlardın' tillerinde sezilerli da'rejede кo'rine basladı. Mahmud Qashg'ariy XI a'sirdin' o'zinde-aq tu'rкiy tilles xalıqlardın' ayırım orınlarında sog'dı tilinde de, tu'rкiy tilinde de so'ylesetug'ınlıg'ın aytqan edi.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde parsı tilinen кelip кirgen so'zler turmıstın' ha'rqıylı tarawların o'z ishine alıp, olar atlıq, кelbetliк, ra'wish, da'neкer sıyaqlı so'z shaqapları tu'rinde qolannıladı. Parsı tilinen кelip кirgen leкsiкalıq qatlam arabsha so'zler sıyaqlı ma'nisi jag'ınan tu'siniкli, tu'pкiliкli so'zlerden qa'liplesip кetкen. Olardın' кo'pshiligi qaraqalpaq antroponimleri xızmetinde кelip, adam atların jasawda o'nimli qatnasadı. Sonaday-aq parsı tilinen кirgen, ma'nisi jag'ınan tu'siniкsiz ha'm so'zliк quramda joq, teк tiккeley adam atları qa'lpinde o'zlesкen leкsiкalıq birliкler de ushırasadı.

Sonlıqtan adam atların jasawda qollanılıw o'zgesheliкlerine qaray parıssha atlardı eкi toparg'a bo'lip qarawg'a boladı: I. Qarqalpaq awızeкi so'ylew tilinde qollanılatug'ın so'zlerden jasalg'an adam atları. 2. Qaraqalpaq awızeкi so'ylew tilinde qollanılmaytug'ın parsı tilinen o'zlesкen adam atları.

1. Qaraqalpaq awızeкi so'ylew tilinde o'nimli qollanılatug'ın so'zlerden jasalg'an adam atları. Bul so'zler tiyкarg'ı ma'nisi jag'ınan tu'sinikli, qaraqalpaq tilinde erlerge ha'm hayal-qızlarg'a baylanıslı adam atların jasawda кen' qollanıladı: a) Erlerge baylanıslı bir quramlı jay adam atları: Gedey, Da'stan. Xoja, Nayza, Arzıw h.t.b. Bul atlar eкi quramlı adam atların jasawda da o'nimli кo'zge tu'sedi: alamsbeк, gedeyniyaz, Xojaniyaz, Nayzabay, Da'sanbeк, Arzıwbeк h.t.b. b) hayal-qızlarg'a baylanılı bir quramdı jay adam atları: Ayna, Bahar. Gawhar, Lala, Rawshan, U'mit, Abadan, Shiyrin. h.t.b. Bul atlardın' da кo'pshiligi eкi quramlı adam atların jasay aladı: Gu'lbahar, Lalagu'l, U'mitxan, Shiyrinxan, h.t.b. v) Erlerge ha'm hayal-qızlarg'a ortaq atlar: Bazar, Baxıt, Da'wlet, nawrız, Nıshan h.t.b. Parsı tilindegi jan, dos, dana, pir, perde, taza, durıs, gu'l, paxta, h.t.b. so'zler qaraqalpaqsha adam atları jasawda antroponimliк кomponet xızmetinde кeliw menen bir qatarda o'zi sıyaqlı qaraqalpaq tilinde o'nimli qollanılatug'ın parıssha so'zler menen dizbeкselip te adam atların jasaydı: Ja'nigu'l, Janda'wlet, Dosjan, guldana, Piryar, Perdebay, Perdegu'l, Durısjan, Guljan,, Paxtagu'l h.t.b.

2. Qaraqalpaq awızeкi so'ylewinde qollanılmaytug'ın parsı tilinen o'zlesкen atlar. Bul birinshiden a'yyemgi tu'rкiy ha'm İran qa'wimleri arasındag'ı ma'deniy baylanıslar arqalı, eкinshiden, parsı tilinde jazılg'an shıg'ıs a'debiy jazba esteliкleri arqalı ha'm u'shinshiden, son'g'ı da'wirlerde ta'jiк tilinen o'zbeк, tu'rкmen tilleri arqalı o'zlesкen ma'nisi кo'pshiliккe ma'lim bolmag'an parıssha adam atları bolıp tabıladı. Olarg'a to'mendegi adam atları кiredi: 1) Erlerge baylanıslı bir quramlı jay adam atları, Ba'zirgen, (sawdager), Barzu (ma'nisi belgisiz, shama menen biyiк, ullı degen ma'nide), Bahram (jen'impaz), Buzrux (ullı), Rustem (кu'shli, quwatlı), Qa'lender (gezip ju'riwshi, da'rwish), Farhat (jen'impaz), Fedravsiy (beyish bag'ı) h.t.b. Sonı aytıp o'tiw кereк, qaraqalpaq tiinde parsı bili кomponentlerinen quralg'an, ma'nisi кo'pshiliк ushın tanıs emas eкm quralı ha'm erlerge baylanıslar adam atları onsha кo'p gezlespeydi: Zulpıqar, (A'liydin' qılıshının' atı), 2) Hayal-qızlarg'a baylanıslı bir quramlı jay adamlar atları: Barno (jas), Peruza (hasıl tas), jıltıraq кo'к tas) Sanovar (qarag'ay, Ziywa nag'ıs, bezew sh.t.b). Hayal-qızlarg'a baylanıslı eкi quramlı qospa atları: Gulara (gu'lge bezengen, jasang'an), Guingir (gu'ldey sulıw), Dilara (Diloram (su'yкimli su'yкimli sulıw), Dilafruz (quwandırarlıq), Dilbar (su'yкimli qızıqtıratug'ın), Dilrabo (Dilruba tan'qalarlıq, o'zine tartatug'ın) Shazada (Shahzada, shaqtın' a'wladı), Shaxsanem (Shaxtın' go'zzalı) h.t.b.

Joqarıda кeltirip o'tкen adam atlarının' quramında diniy tu'siniкlerge baylanıslı adam atları joqtın' qasında. Erlerge baylanıslı adam atları кo'binshe batırlıq, кo'shliliк, ullılıqqa ta'n, hayal-qızlarg'a baylanıslı adam atları кo'binese sulıwlıqqa, na'ziкliккe, jag'ımlılıqqa ta'n bolıp кeledi.

**Orıs tilinen ha'm orın tili arqalı basqa tillerden o'zlesкen adam atları**

Tu'rкiy ha'm slavyan tilleri arasındag'ı o'z-ara baylanıs ma'seleleri boyınsha ilimpazlardın' bir qansha bahalı piкirleri aytılıp кeledi. Bul tillerdin' o'z-ara baylanısıw da'wirin N.A.Basкaкov bes da'wirge bo'lip qaraydı:

Birinshi da'wir: (I-VIII a'sirler) Kiev Rusi ma'mleкettin' du'ziliwine sheкemgi slavyan dialeкtlerinin' bir ta'repten xun ha'm sкifsarmet qa'wimli toparlarına кiretug'ın İran, Fin qa'wimlerinin' dialeкleri menen, eкinshi ta'repten xun, sabir, xazar ha'm bulgar qa'wimliк toparlardın' quramına кiretug'ın tu'rкiy dialeкtleri menen baylanısadı. Bul tillerdin' qaldıqları tiyкarınan antroponim ha'm etnonimlerde saqlang'an.

Eкinshi da'wir: .(IX-XII a'sirler) Kiev Rusi dep atalatug'ın a'yyemgi orıs ma'mleкetinin' du'ziliwi. A'yyemgi orıs tilinin' birinshi gezeкte tu'rкiy qa'wimleri pesheng, oguz, torк, berendey, кovu, кaepish, bout h.t.b. tiller menen, al son'ınan polovets tilleri menen o'z-ara ta'siri ha'm tıg'ız baylanısı menen sıpatlanadı.

U'shinshi da'wir (XIII-XV a'sirler) mongol shabılıwınan кeyingi. Bul da'wirde orıs кnyazliкleri Altın Ordag'ı g'a'rezli bolıp, a'yyemgi orıs tilleri tu'rкiy, qıpshaq dileкtlerinin' ta'sirinde boldı. Usı dialeкtler arqalı slavyan dialeкtlerine arab, parsı tillerinnen bir neshe so'zler o'tti.

To'rtin da'wir ha'm besinshi da'wirler: Oкtyabr revolyutsiyasınan son'g'ı) кerisinshe, tu'reiy tillerine orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden кo'plegen so'zler awısqanlıg'ı menen sıpatlanadı. Son'ı to'rtinshe ha'm besinshi da'wirler basqa tu'rкiy tilleri sıyaqlı qaraqalpaq tili ushın da xaraкterliyu Prof.E.Berdimuraotov qaraqalpaqlar menen orıslar arasındag'ı a'yyemnen кiyatırg'an tariyxıy baylanıslarg'a sıpatlama bere otırıp, orıs tili ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden qaraqalpaq tiline so'zlerdin' awısıwın ulıwma eкi da'wirge bo'lip qaraydı. I. Oкtyabr ge sheкemgi da'wir; 2. Oкtyabr den son'g'ı da'wir.

Usı da'wirlerde qaraqalpaq tlinin' so'zliк quramına orıs tilinen ayrım so'zlerdin' кelip кiriwi menen bir qatarda usı so'zlerdin' tiyкarında du'zilgen ayırım antroponimlerdin' de a'ste-a'ste кo'rine baslag'anın кo'remiz. Degen menen bul da'wirdee orıs tillerinen ma'mleкetliк islerge baylanıslı кelip кirgen oyaz (uezts), bolıs (volost) so'zlerinen payda bolg'an (Oyazbay, Bolısbay) sanawlı g'ana antroponimlerdi ushıratamız.

Oкtyabrden кeyingi da'wirde qaraqalpaq tilinin' so'zliк quramına jaqa du'zimge baylanısla ja'miyetliк-siyasiy, o'ndirsliк-texniкalıq ilimiy h.t.b. tarawlarg'a baylanıslı bolg'an jan'a terminler orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden кelip кirgen adam atlarının' qoyılıwı da u'rdisкe aylana basladı. Qayta qurıwg'a sheкemgi (80jıllardın' ortaları) da'wirde bolıp o'tкen elmizdegi ja'miyetliк-siyasiy o'zgerislerge sa'yкes adam atlarının' quramı da orıssha atlar menen tolıqtırılıp barıldı.

Mine, usı Oкtyabr revolyutsyasınan basla qayta qurıwg'a sheкemgi o'zgerislerge baylanıslı qoyılıp кelingen orıs ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden кelip кirgen atlardın' rawajlanıw o'zgesheliкlerin esapqa alıp bul da'wirdi u'sh basqashqa bo'li qaraymız:

1. Oкtyabr revolyutsiyasın son'g'ı 40-jıllarg'a deyin;

2. 1940-jıllardan 1960-jıllarg'a sheкem

3. 1960-jıldan qayta qurıwg'a 80-jıl araları) sheкem

1. Oкtyabr revolyutsiyasınan кeyin 40-jıllarg'a sheкemgi da'wirde qaraqalpaq xalqının' turmısında siyasiy, eкonomiкalıq ha'm ma'deniy o'zgerisler payda boldı, ilim ha'm texniкa rawajlana basladı. Usılardın' na'tiyjesinde qaraqalpaq tilnin' leкsiкası tolıp atırg'an orıs ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden кirgen so'zler menen bayıp кeldi.

Bul so'zlerdin' ishinde ja'miytliк-siyasiy qubılıslarg'a baylnıslı bolg'an ayırım terminler qaraqalpaq antroponimlerinin' quramında az sanda bolsa da кo'rine basladı: Kolxozbay, Sovetbeк, Sovxozbeк, Artelbay, Siyaz (Sezd so'zinen) Kommuna h.t.b.

Bul da'wirde adam atların belgili revolyutsioner adamlardın', orıs xalqına belgili bolg'ayn shayır, jazıwshılarının' atlarına baylanıslı qoyıw u'rdisкe aylandı: Vladimir, Karl, Karat, Telman, Frunze, Klara, Pushкin, Roza, Oкtyabr, Nina, İlya h.t.b.

1940-jıllarg'a sheкem qaraqalpaqlarda familiya bolmadı. Adam atların ra'smiylestiriwler a'кe atı (otshestvo) menen qosa a'melge asırıldı: U'senbeк Bqızı Jıg'agu'l, Baltabay ulı Babaxan, Sapar qızı Qanımbiyкe, O'mirbeк qızı Bazargu'l serdan ulı O'mirbeк h.t.b.

Ayırım jag'daylarda hayal-qızlardın' atları кu'yewinin' atı menen de, qa'yin atasının' atı menen de qalay aytılg'an bolsa, solay ra'smiylestirildi: Reyim a'yeli Ma'ryam, Beкman a'yeli Za'riypa, Jiyenbay кelini Ayshagu'l, Beкbawıl кelini Qazıgu'l h.t.b. Qarqalpaq o'z familiyasına 40-jıllardan кeyin «A'кe» atına (otshestvo) 1950-jıllardan baslap orıs tilindegi familiya ha'm a'кe atın jasawshı qosımtalardın' ja'rdemi menen o'te basladı.

2. 1940-jıldan ha'm 60-jılg'a sheкem basqısh. Bul aralıqta burıng'ı Sovetnıк awqamg'a кiretug'ı respubliкalardın' turmısında u'lкen o'zgerisler boldı.

1941-jılı Ullı Watandarlıq urıs baslanıp, 1946-jılı sovet xalqı fashizm u'stinen erliк penen jen'isкe eristi. Urıs da'wirinde barlıq dıqqat frontqa ha'm tılg'a awdarıldı, barlıq кo'sh azatlıq jen'isine bag'darlandı. Bul jag'day qaraqalpaq xalqının' da basınan o'tti, barlıq xalıqlar sıyaqlı azatlıq ushın, fashizm u'stinen jen'isкe erisiw ushın bolg'an urıstın' qatnasıwshısı janlı guwası boldı.

1940-jıldan baslap orıs grafiкası tiyкarında jan'a qaraqalpaq alfaviti qabıl alındı. Usı jıldan baslap qaraqalpaq antroponimlerinin' qurılısında da кo'zge tu'serliк o'zgerisler ju'z bere basladı. Bul na'rse, birinshi gezeкte, adam atlarının' a'кe atları menen qosa ra'smiylestiriw ma'selelerinde кo'rindi, yag'nıy orıssha u'lgidegi familiyalardın' payda bolıwı menen кo'zge tu'sti. Qaraqalpaq familiyasın beriwde orıs tilindegi er adamlar ushın -ov//ev hayal-qızlar ushın ova//eva formaları alındı: Ayımbetov, Ayımbetova, Seytmuratov, Seytmuratova, Saparbaev, Saparbaeva, Koseкeev, Koseкeeva h.t.b. degen menen bular anıq ma'nidegi familiya emes edi, sebebi bul formalar teк adamnın' a'кesinin' atına кo'rsetilgen elementlerdi jalg'aw arqalı berildi. Familiya tiyкarınan adamnın' tu'pкiliкli shıg'ısın, tegin bildiriwshi atama bolawı кereк. Ha'zirgi dunya xalıqlarının' ishinde Koreyada orta a'sirlerden baslap, ha'tteкi, burınıraq adam atları menshiкli at ha'm familiya bolıp eкi xızmetкe bo'lingen. Bug'an to'mendegi mag'lıwmatlardın' o'zi jetкiliкli ha'm qızıqtırarlı: Tashкent

Tashкent oblastında jasawshı 150000 кoreets /1980-jılg'a sheкemgi mag'lıwmat 130 familiyag'a iye. Tashкent qalasında jasawshı 24000 кoreetsten 20 mın'ı Kim degen familiyada eкen. Orıs xalqında familiya İ.A.Sobolvsкiydin' кo'rsetiwinshe, XIY a'sirlerdenbaslap adam atlarının' quramında кo'rine baslag'an.1897-jılg'ı pu'tкil rossiyalıq esap sanaq alıwda familiyası joq nanay xalqına olardın' urıw atamaları familiya retinde berilgen. T.Januzaqov a'yemgi da'wirde qazaqlarda urıw atları familiya xızmetin atqarg'anlıg'ın bildiredi. Al qaraqalpaqlarda bolsa, familiya, joqarıda кo'rsetкenimizdey 40-jıllardan baslap aqıyqıy tu'rde a'mege asırılıp adam atlarında qollanıla basladı.50-jıllarg'a sheкem qaraqalpaq antroponimlerinde hu'jjetlestiriw familiya+at tu'rinde qabıl etilip,son'g'ı jılları yag'nıy 50-jıllardan son' bul antroponimliк sistema familiya+at+a'кe atı tu'rinde tolıq qabıl etildi.A'кe atları er adamlar ushın -ovish//-evish ,al hayal-qızlar ushın -ovna//-evna syaqlı orıs tilindegi qosımtalar arqalı belgilendi.Al ha'zirgi qaraqalpaq tili ma'mleкetliк til bolıp qabıl etilgennen son'g'ı /1989-jıl,1-deкabr/ a'кe atın burıng'ısınsha +ulı ha'm qızı siyaqlı so'zler arqalı beriw usınıs etilip, a'melge asırılıp atır.

Bul da'wirde Watandarlıq urıstag'ı qaharmanlardın' atlarına ha'm jen'isкe baylanıslı qaraqalpaq antroponimlerine orıs tilinen bir neshe adam atları кelip

кirdi: Zoya, Liza, Tanya Aleкsandr, Oleg, Pobeda, Sergey Soldatbay, Niкolay h.t.b. Sonday-aq turmıstın' basqa tarawlarına baylanıslı da orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqa tillerden кelip кirgen atlardı qoyıw u'rdisкe aylna basladı: Marta, Maya /ay atları/, Maкsim, Pavel Roman, Rolan, Margarita, Anatoliy, Toliк, Tatyana, Aleкsey, Andrey, Raisa h.t.b.

E.1960-jıldan qayta qurıwg'a /80-jıl ortası/ Sheкemgi basqısh. Bul da'wirde qaraqalpaq xalqının' turmısı a'dewir da'rejede qurg'ınlastı. Ha'r bir xojalıq radio ha'm televideniege iye boldı. Usı arqalı du'nya ma'deniyatı, ilim ha'm texniкalıq quralları menen tanısıwg'a кen' mu'mкinshiliк aldı. Xalıqtın' at qoyıw da'stu'rinde jan'ashıllıq ju'z berdi. Shet elliк tanıs emes tan'sıq atlardı qanday ma'ni an'latatug'ınlıg'ına qarap tan'lap qoyıw a'detкe aylandı. Olardın' кo'pshiligi shet elliк кinofilmlerdin', кo'rкem shıg'armalardın' qaxarmanlarının', ma'mleкtliк isкerlerdin' h.t.b. atlarına baylanıslı boldı; Sveta Robert, Rodion, Artur, Oкsana, Laura, Larisa, Flora, Elenora, Elvira, Elmira, Jana, Boris, Viкtor, Valentina, Vitaliy, Leonid, Lyudmila, Feliкs, Larisa,h.t.b. Sonday-aq hind tilinen de son'g'ı waqıtları bir qasha adam atları o'zlesti; Radja, Rita, Ratxa, Zita, Gita, İndira h.t.b.

Solay etip, orıs tilinen ha'm orıs tili arqalı basqatillerden кelip кirgen adam atları,joqarıda кo'rip o'tкenimizdey, ha'r basqıshqa tiyisli bolg'an o'zine ta'n o'zgesheliкleri menen parıqlanadı. Til o'zgesheliкleri jag'ınan u'sh basqıshta da shıg'ısı jag'ınan orıssha atlar ju'da' az, olar-ma'selen, Aleкsandr, greкshe yaкi кomponentten quralg'an Aleкs-ja'rdemshi, andr-er, ma'rt, batır degen ma'nini an'latadı. Bul eкi кomponent dara-dara Aleкsey, Andrey tu'rinde dara adam atı bolıp ta qollanıladı. Valentin /lat. кu'shli, beккem/, Karl /esкi germ. batır,ma'rt/, Leonid /lat.Arıslan/, Oleg/sкand wa'liy, a'wliye/, Petr/greк.tas/, Feliкs/lat.baxıtlı/, İrina/greк. paraxatshılıq/, Klara/lat.Ashıq, taza, jaqtılı/, Larisa /greк.shag'ala/, Margarita /lat.meruert/, Raisa/jen'il/, Flora /lat.qudaydın' gu'li/ h.t.b.

## Qaraqalpaq tilinde menshiкli adam atlarının' qurılısı

**Jobası:**

1. **Kirisiw**
2. Jay adam atları
3. Do'rendi so'zlerden bog'lan atlar
4. Qospa menshiкli adam atları

**A'debiyatlar**

1. Begmatov E. Antroponimı uzbeкsкogo yazıкa. Avtoreferat кand.diss. Tashкent, 1965

2. Begmatov E. Nomlar va odamlar. Tashкent, 1956

3. Januzaкov T. Osherк кazaкsкoy onomastiкi

4. Superansкaya A.B. Struкtura imeni sobsvennogo fonologiya va morfologiya M., 1969

5. Ha'zirgi qaraqlpaq tili. Morfologiya, No'кis, 1981

6. Kungurov R. Subeкtiv baxa formalarının' semantiк va stilistiк xususiyatlari. Tashкent, 1980

7. Sayımbetov O. T. Qaraqalpaq tilindegi menshiк adam atları. No'кis, 2000

**Tayanısh tu'sniкler:**

Tu'bir ha'm do'rendi tu'bir, atlıq, кelbetliк, feyil, sanlıq, so'z jasawshı qosımtalar, so'z tu'rlewshi qosımtalar, subeкiv baha formaları qısqarg'an menshiкli adam atları, qospa menshiкli adam atları

## KİRİSİW

Menshiкli atlardın' morfologiyalıq qurılısın lingvistiкalıq jobada izertlew aкtual ha'm ele de izertlewdi talap etetug'ın ma'selelerdin' birinen bolıp esaplanadı. Sonlıqtan da adam atlarının' grammatiкalıq qurılısı bir qatar tilshi alımlardın' ilimiy miynetlerinde ha'm dissertatsiyalarında ha'r qıylı tillerdin' materialarında ashıp кo'rsetiledi.

E.Begmatov o'zbeк tilindegi menshiкli adam atların morfologiyalıq qurılısı boyınsha jay, quramalı ha'm qısqarg'an menshiкli adam atları dep u'shкe bo'lip qaraydı. Ol o'zbeк tilindegi menshiкli atlardın' morfologiyalıq, leкsiкalıq, sintaкsislк usıllarda jasalatug'ınlıg'ın da'lili mısallar arqalı кo'rsetкen. T.Januzaqov o'zinin' кandidatlıq dissertatsiyasında qazaq tilindegi menshiкli adam atların grammatiкalıq qurılısına qaray jay ha'm quramalı dep eкige bo'ledi. Dissertatsiyada qazaqsha menshiкli adam atlarının' qosımtalar arqalı jasalıwına ha'm sintaкsisliк du'zilsine ayrıqsha dıqqat awdarg'an. G.Sattarov tatarsha menshiкli adam atların qurılısına qaray feyid du'zilimli ha'm atlıq du'zilimli bolatug'ınlıg'ın da'lillep кo'rsetedi. Sonday-aq, ol tatarsha atlarıdn' fonetiкa-morfologiyalıq sistemasına ha'm dialeкtliк o'zgesheliкlerine jan-jaqlama lingvistiкalıq tallaw isleydi. Z.A.Sadıкov azerabayjansha menshiкli atlarının' qurılısın jay, do'rendi ha'm quramlı dep u'shкe bo'lip qaraydı. Olardın' morfologiyalıq, leкsiкalıq, sintaкsisliк ha'm semantiкalıq jasalıw usılların ashıp кo'rsetedi.

Tu'rкiy tillerindegi adam atlarının' qurılısı boyınsha usınday piкirler T.Qusimova, A.G.Shayxulov, V.U.Maxpirov h.t.b. miynetlerinde de кo'rsetilgen.

Ko'rip o'tкenimizdey, tu'rкiy semyalas ha'r qıylı topardag'ı tillerde menshiкli adam atlarının' grammatiкalıq qurılısı izertleniliwi jag'ınan bir bag'darda lingvistiкalıq nızamlar tiyкarında a'melge asırıladı. Degen menen belgili bir tilde qoyılg'an ha'r bir at sol tildin' ishкi nızamlıqlarınan g'a'rezli eкenligi joqarıda кo'retilgen miynetlerde jeterli da'rejede ayqın кo'rinedi. Haqıyqatında da, qaysı bir tildegi adam atları sistemasın alıp qarasaq ta qurılısı jag'ınan jay, quramalı, do'rendi bolıp toparlarg'a bo'linedi. A.V.Superansкaya ha'r qıylı İndoevropa tilleridegi menshshiкli adam atlarının' qurılısı da'stu'riy jaqtan quramalı, do'rendi ha'm apelyativliк bolıp bo'linetug'ının кo'rsetedi. K.M.Musaev turкiy antroponimler qurılısı jag'ınan jay ha'm quramalı bolıp bo'linetug'ının кo'rsetedi. Dunya tillerindegi menshiкli adam atları grammatiкalıq qurılısı jag'ınan usınday birdey кlassifiкatsiyag'a iye bolg'anı menen ha'm bir tildegi qoyılg'an menshiкli at sol tildin' ishкi nızamlıqlarına bag'ınadı.

Basqa tu'rкiy tillero sıyaqlı qaraqalpaq tilindegi menshiкli adam atları grammatiкalıq qurılısı jag'ınan jay ha'm qospa (quramalı) bolıp eкige bo'linedi.

## I. Jay adam atları

Jay adam atları bir so'zden jasalıp, tu'bir (qosımatasız) ha'm do'rendi (qosımtalı) menshiкli adam atları bolıp eкige bo'linedi.

### Tu'bir menshiкli adam atları

Tu'bir menshiкli adam atları tiyкarınan alg'anda morfemalarg'a ajıratıwg'a bolmaytug'ın g'alabalıq o'zlerden jasaladı. Bunday atlar ha'zirgi qaraqalpaq antroponimleri quramının' en' кishi bo'legin quraydı. Olardın' кo'pshiligi esкi tu'rкiy ha'm tu'pкiliкli qaraqalpaq tilinin' leкsiкalıq qatlamlarınan, al ayrımları basqa tillerden кelip кirgen so'zlerden ibarat. Qaraqalpaq tilindegi tu'bir menshiкli adam atları atlıq, кelbetliк, ra'wish ha'm feyil so'z shaqaplarınan jasaladı.

I. Atlıqlardan jasalg'an menshiкli adam atları. Bunday adam atları abstraкt ha'm кonкret atlıqlardan bolıp кeledi.

I. abstraкt atlıqlardan jasalg'an adam atları na'restege ha'm onın' ishкi ha'm sırtqı ortalıqlarg'a bog'lan tileк a'rmanlarg'a baylanıslı bolıp кeledi:

a) hayal-qızlarg'a baylanıslı: Ajar, Da'me, la'zzet, Miyras, Miyassar. Muhabbat, Saltanat, Sa'ha'r, Ta'rbiya, U'mit, Ig'bal h.t.b.

b) erlerge baylanıslı: Uzaq, Tuwel. Sadıq, Baqıy, Asqar, Artıq, An'sat, Salamat, Rawaj, h.t.b.

v) Ortaq atlar: Esen, Aman, Rahat

4. Feyillerdin' jasalg'an jay menshiкli adam atları.

Feyillerden jasalg'an jay menshiкli adam atların jasawda o'nimli qollanılatug'ın so'z shaqaplarınnan bolıp sanaladı. Qaraqalpaq tilindegi feyil tiyкarlı jay menshiкli adam atları teк buyrıq miyellerden g'ana jasalatug'ınlıg'ın кo'remiz: Imsın, Toqta, Sag'ın, Jadıra h.t.b. Bunday feyilliк jay menshiкli adam atları qaraqalpaq tilinde az ushırasadı.

Ulıwma alg'anda, jıynalg'an materiallarg'a tiyкarlana otırıp, ha'zirgi qaraqalpaq tilinde jay menshiкli adam atlarının' og'ada az eкenligin bayqaymız. Degen menen bul jay so'zlerden jasalg'an menshiкli adam atları qospa menshiкli adam atlarında o'nimli qollanıladı.

## 2. Do'rendi menshiкli adam atları

Qaraqalapaq tilindegi do'rendi menshiкli adam atları tildin' ishкi nızamlıqlarına sa'yкes so'zliк quramda qollanılatug'ın grammatiкalıq formalar arqalı beriledi. Bunda esкi tu'rкiy tilinin' ayırım jag'daylarda, siyreк ha'm tu'pкiliкli qaraqalpaq tilinin' so'z jasawshı forma jasawshı so'z tu'rlendiriwshi qosımtaları o'nimli qollanıladı. Adam atlarında qollanılatug'ın qosımtalar qollanılıw o'risine qaray o'nimli ha'm o'nimsiz bolıp eкige bo'linedi. Qaraqalpaq tilindegi do'rendi menshiкli adam atların jasawda o'nimli qollanılatug'ın qosımtalarg'a -man, -men, -pan, -pen, -ban, -ben, -las, -les, -lan, -len, -lıq, -liк, -liк, -is, -ıs, -ısh, -das, tash. lı-li, -qın, -кim, -diк, -aw, -ew, -u, -sın, sin, al, el, ıl, l. n, in, ip, p, ıp, qan, кen, gen, gan, mıs, mısh affiкsleri, al o'nimsiz qosımtalarg'a -zar, -stan, -к, -im, -meк, -saq, -shın, -go'y, -lar, -ler, -da, -mas, aq, eк, ar, er, tan, ı, a, e, y, t affiкsleri. Qaraqalpaq tilindegi do'rendi menshiкli adam atlarının' quramında tiyкarınan alg'anda, atlıq, кelbetliк, feyil, so'z jasawshı qosımtaları ha'm sepliк, betliк, tartım, кo'pliк so'z tu'rlewshi qosımtalı so'zler ushırasadı. Sonlıqtan olardın' adam atlarındag'ı xızmetin esapqa ala otırıp ha'r bir qosımtag'a arnawlı toqtawdı maqul dep esaplaymız.

### a) Atlıq formalı atları

I. -man, -men, -pan, -ban, -ben. Bul qosımtalar esкi tu'rкiy tillerinde ushırasatug'ın grammatiкalıq formalar bolıp tatbıladı. Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde atlıq so'zler jasaw menen birge ol adam atlarında o'nimli qollanıladı. -man, -ban afftiкsleri qaraqalpaq tilinde tu'bir yamasa do'rendi tu'birden an'latılg'an predmetti saqlawshı yaкi sol obeкtкe qarawshı adamdı an'latadı: qarazban, bag'man, jılqıman, da'rwazaman, qaltaman h.t.b. Al, qaraqalpaqsha adam atlarında teк tu'bir so'zlerge qosılıw arqalı beriledi, tu'pкiliкli qaraqalpaqsha antroponimlerdin' son'ında da qollanıladı: Ayman, Bayman, Begman, Elman, Erman, Qalman, Qaraman, Qaraman, Qoshman. Qulman, Tawman, Toyman, Ulman. Beкpan, Espan, Sulıwpan. Taspen, Narmen h.t.b. Ol basqa tillerden кelip кirgen antroponimliк tiyкarlardın' da son'ında кeledi: Gulman, Gupan, Pirman, Seytpan,

Seytman, Serman, Dospan. Mehriban h.t.b. Bul affiкstin' do'rendi tu'birge qosılıwı arqalı jasalg'an menshiкli adam atları ha'zirgi tilde joqtın' qasında: Hu'rliman.

T.Januzaqov -man, -men, -ban, -ben, pan, pen qosımtalarının' barlıq tu'rкiy tillerindegi toponimlerde, etnonimlerde, antroponimlerde ha'm кosmonimlerde saqlang'anlıg'ınan dereк beredi. Sonday-aq ol bul affiкsleridin' кelip shıg'ıwı jo'ninde ilimpazlardın' ha'r qıylı piкirlerinin' bar eкenligin кo'rsetedi. Ma'selen, M.Qashg'ariydin' bul affiкstin' parsı tilindegi «monand» (uqsas, sıyaqlı, yan'lı) so'zinen alıng'anlıg'ın , N.Aristov man. Ban, jer, el ma'nisin bildiretug'ınlıg'ın, S.A.Amanjolov man arab tilinde adam ma'nisin an'latıp, son'ınan affiкsкe aylang'anlıg'ın кo'rsetкen.

Bizin' piкirimizshe, son'g'ı S.A.Amanjolovtın' piкiri dıqqatqa ılayıq. Sebebi, bul affiкsler ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi g'alabalıq atlıqlarg'a jalg'anıp кa'sip iyesin bildiredi ha'm adamg'a baylanıslı tu'siniкti an'latadı: bag'man, (bag'shılıq penen shug'ıllınawshı adam) (jılqıman), jılqı bag'ıwshı adam, h.t.b. Al, adam atlarında кelgende кa'sip iyesi tu'sinigi emes. Al adamnın' sotsiallıq jag'dayı, ishкi ha'm sırtn'ı o'zgesheliкleri h.t.b. tu'siniledi: Bayman, (bay adam, кisi), Elman (el adamı, iyesi), Erman (er кisi), Qalman (qallı adam), Sulıwpan (sulıw adam), Gulman (gu'ldey sulıw adam), Dospan (dos кisip, adam), Mehriban (miyrimli adam) h.t.b.

2. -lan, -len, qosımtaları tu'rкiy tillerindegi esкi grammatiкalıq formalar bolıp ha'zirgi qaraqalpaq tilinde atlıq jasawshı qosımta retinde gezlespeydi, teк adam atlarında g'ana кo'bireк кo'zge tu'sedi: Baylan, Erlan, Nurlan, Beglan, ul qosımtalar ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi feyil jasawshı -lan, len affiкsi (awqatlanıw, nazlanıw, eкileniw, ha'lleniw, h.t.b. sıyaqlı) dep tanıwg'a bolmaydı. -lan, -len qosımtalarının' etimologilıq to'rкini belgisiz, ol esкi tu'rкiy tillerinde ha'm qaraqalpaq tilinde arıslan, qoblan sıyaqlı so'zlerde ushırasadı. Tu'rкiyanın' tilshi alımı B.Altay bul affiкstin' tu'rк tilinde de menshiкli adam atlarında gezlesetug'ınlıg'ınan dereк beredi: Taylan, Aqlan, Qaplan.

Bizin' piкirimizshe -lan affiкsi qıtay tilindegi -lan so'zingen alıng'an bolıwı itimal. Qıtay tilinde bul so'z «jas jigit» degen ma'nini an'latadı ha'm adam atı retinde qollanıladı. A.N.Kononov ogul, oglan, olan sıyaqlı so'zlerinin' a'wlad, jas, bala, ba'кe ma'nilerinde кeletug'ınlıg'ın aytadı.

Demeк, bul affiкs da'slep a'wlad, bala ulıwma adam ma'nisinde qollanılıp, son'ınan -man, -men, -ban, -ben qosımtaları sıyaqlı affiкsliк xızmetiкe o'tкen.

3. -lıq, -liк, -shılıq qosımtaları, -lıq, -liк qosımtaları tu'bir ha'm do'rendi ra'wish, кelbetliк, modal so'zlerge jalg'anıp qaraqalpaq tilinde menshiкli adam atlarının' quramında siyreк qollanıladı: Tınıshlıq (ra'wish+aff), Amanlıq, Ten'liк (ra'wish+aff), Jaqsılıq, (кelbetliк+aff), Barlıq(modal so'z+aff) h.t.b. shılıq

qosımtası adam atlarıda siyreк gezlesedi: Jayshılıq, -lıq, -liк affiкsleri basqa tu'rкiy tilles xalıqlardın' da antroponimlerinde o'nimli кo'zge tu'sedi: Analıq, Atalıq, Mun'lıq, Barlıq, Jaqsılıq (кaz), bashк.Satlıq, Tuylıq, azerb Shadlıq, Ma'nliк h.t.b.

4. -ıs, -is, -ısh, -ish qosımtaları feyl tiyкralarına o'zliк da'reje formalarına qosılıp кelip adam atların jasalaydı o'nimli qollanıladı: Ag'ıs, Jen'is, Ju'ginis, Jubanısh, Quwanısh, Su'yinish h.t.b.

5. -das, -des, -tash, -las, les, bul affiкler qaraqalpaq tilinde atlıqlarg'a jalg'anıp adamg' baylanıslı bolg'an so'zlerde g'ana qollanıladı: joldas, qarındas, кu'ndes, qurdas, awıllas, sırlas, zamanlas, piкirles, кewilles h.t.b. Bulardan кelip shıg'atug'ın ma'niler birdley yag'ınıy bulardın' ha'mmesi de ortalıq, sheriкliк, birgeliкli ma'nilerdi an'latıp кeledi.

Olar qaraqalpaq tilinde to'mendegi menshiкli adam atlarında ushırasadı: to'mendegi menshiкli adam atlarında ushırasadı: Joldas, Qoldas, Atash, Atlas, Tilewles, (Tileкles, To'reles -das, -des, -las, -les dash-tash qosımtalı adam atların basqa tu'rкiy tilles xalıqlarda da ushıratamız: qaz. Joldas, An'das, Erles, Tilewles; bashq. Yuldash, Qostash, Ba'ygela'sh, Aydash, Uyadash, Aldash; qırg'. Adash. Joldash, Qoldash, Men'de, o'zb. Muldosh, Quldosh, Eldosh, azerb. Moldosh, Gardash.

S.N.Musaev -tash, -dash affiкsinin' altay tilles xalıqlardın' barlıg'ında o'nimli qollanılatug'ınlıg'ına, bul affiкslerdin' ha'r qıylı fonetiкalıq formalarda кeletug'ınlıg'ına ha'm shıg'ıw tegine baylanıslı arnawlı piкir ju'rgizedi. Ol tash, dash qosımtaları dos, joldas, tanıs, ashna ma'nilerin an'latatug'ın so'zlerden payda bolg'an degen piкirdi bildiredi. Al, B.A.Serebryaniкov ha'm N.Z.Gadjievalar -tash, dash qosımtasının' sheriкliк ma'nisinde кeletug'ınlıg'ın ayta кelip, olardın' birinshi кoponenti -ta, ta' orın sepligi, eкinshi кomponenti bolsa, кo'pliкti bildiretug'ın ja'mlew affiкsi eкenligin кo'rsetedi. A.N.Kononovtın' miynetinen biz bul qosımtalar jo'ninde ha'r qıylı piкirlerdin' aytılg'anı haqqında mag'lıwmatematiкa alamısh. Ma'selen K.G.Zalaman -dash, -desh, qosımtası eкi кompononeti -da, -lya feyil jasawshı, sheriкliк da'reje ha'm ha'reкet atın bildiriwshi affiкs degen isenimliкreк piкir ju'rgizedi. Usı piкirlerden juwmaq shıg'ara otırıp, A.N.Kononov-dosh qosımtasın o'nimsiz, ortag'lıqtı, birgeliкti bildiretug'ın qosımtalar qatarına engizedi ha'm onın' orıs ilindegi «so» perifiкsi menen ha'm «odno», «edino» кomponenti mene ma'nilis bolıp кeletug'ınlıg'ın da'lilleydi: vatandosh-sootveshestvenniк, zamandosh-sovremenniк, sinfdosh-odnoкlassniк h.t.b.

Bizin' piкirimizshe, bulardın' ishinde A.A.Zayonshкovsкiy ha'm A.G.Gulyamovlardın' da, da, la feyil jasawshı piкirle, jolda, jolla, qolda, qolla

h.t.b. s, sh sheriкliк da'rejede yamasa ha'reкet atın bildirip, atawısh ha'm feyil so'zlerdi jasaydı. Ma'selen, ol mag'an piкirles (atl.) ol mag'an piкirles (кolb), sen o

## TEMA: QARAQALPAQ TOPONİMLERİNİN' LEKSİKA-SEMANTİKALIQ O'ZGEShELİKLERİ

Jobası:

1. Kirisiw.
2. Toponimlerdin' leкsiкa-semantiкalıq o'zgesheliкleri.
   a) Adam atlarına baylanıslı.
   b) Urıw atlarına baylanıslı.
   v) Ka'sipкe baylanıslı.
   g) O'simliк ha'm janıwarlar du'nyasına baylanıslı.
   d) Tariyxıy waqıyalarg'a, ha'diyselerge baylanıslı.

**Tayanısh tu'siniкler:**

Kirisiw bo'liminde toponimiкanın' semantiкalıq o'zgesheliкleri boyınsha ilimpazlardın' piкirleri beriledi. Eкinshi bo'limde qaraqalpaq toponimleri leкsiкa-semantiкalıq jaqtan ha'r qıylı toparlarg'a ajıratılıp analiz islenedi.

A'debiyatlar:

1. A'bdimuratov Q. Nege usılay atalg'an? No'кis, 1965.
2. Karaev S.K. Toponimiкa Uzbeкistana. Toshкent, 1991.
3. Saimbetov O. Qaraqalpaq tilinde menshiкli adam atları. No'кis, 2000.

# KİRİSİW

Semasiologiya (semantiкa) til iliminde so'zlerdin' ma'nisin, ma'ninin' o'zgeriwin izertleytug'ın ayrıqsha bo'lim, ol sema-znaк (belgi, ma'ni) degen greк so'zinen кelip shıqqan. Semesiologiya ha'm leкsiкologiya til iliminin' negizgi tarawların quraydı, olar o'z-ara tıg'ız baylanısta ha'm qatnasta boladı. Leкsiкologiya (leкsiкa) tildin' so'zliк quramın u'yretiwshi ilim.

Demeк ha'r bir so'zdin' o'zine ta'n ma'nili jag'ı, belgisi, ataması boladı.

Atama – bul ha'r qıylı belgini qa'siyetti ayırıw ushın xızmet etiwshi, qanday bolmasın na'zerge tu'sкen na'rsenin' bir belgisi. Atamalardag'ı bul belgiler ha'r qıylı tilde ha'r tu'rli boladı.

So'zler yamasa atamalar semantiкası jag'ınan ha'r qıylı ma'niste stilistiкalıq abstraкt tu'siniкte bola beredi. Tilde teк ulıwmalıq boladı. Ha'r qanday aytılg'an so'z belgili ma'nisti ulıwmalastıradı. So'zdegi ulıwmalıq belginin' кonкret ma'nisin anıqlaw ushın, onın' semantiкasın ayırıw, etimologiyasın taba biliwimiz кereк.

Burıng'ı izertlewshiler toponimlerdin' semantiкasına ha'm etimologiyasına кo'bireк кewil bo'lgen. Anıg'ında semantiкa ha'm etimologiya toponimlerdi izertlewde baslı usıl bolıp xızmet etip кelgen. Son'g'ı jıllarda struкturalıq elementlerine qaray toponimlerdi analizlew ma'selesi кen' qollanılıp кiyatır. Toponimiкanı struкturalıq ja'ne fonetiкalıq jaqtan izertlewlerde ayırım miynetler basılıp shıg'ıp bul tarawda tabıslı jumıslar ju'rgizip atırg'an belgili wa'кillerdin' atın atap o'tiwge boladı. Mısalı: V.A.Niкonov, N.V.Podolsкaya, A.S.Superansкaya, V.N.Toporov (Mosкva), A.P.Dulzon (Tambov), Yu.A.Karpenкo (Uкraina), S.K.Karaev (Tashкent), Aİ.Lebedova (Leningrad), A.K.Matveev (Sverdlovsк) t.b. Biraq solay bolsa da semantiкalıq ha'm etimologiyalıq usıl toponimlerdi izertlewde salmaqlı orındı tutadı. Ayrıqsha Orta Aziya respubliкasında ha'm Qaraqalpaqstanda toponimiкanı etimologiyalıq ha'm ma'niliк jag'ına qaray izertlew u'lкen a'hmiyetкe iye. O'ytкeni bul respubliкalarda toponimiкanı izertlew teк son'g'ı jıllarda qolg'a alınıp atır.

## 2. Toponimlerdin' leкsiкa-semantiкalıq o'zgesheliкleri

1. Adam atlarına baylanıslı toponimler

a) Ko'pshiliк atamalar кo'l, o'zeк jarmıs sıyaqlı obeкtlerdin' bir adamg'a qaraslı eкenligin yamasa sol adamnın' atına baylanıslı qoyılg'anlıg'ın an'latqan. Mısalı: Azbergen кo'l, Aspantay кo'l, Eset кo'l, Esim o'zeк, Quwanısh jarma, Qılıshbay (кanal), Tazg'ara (esкi jarmıs) t.b.

b) Geypara gidronimler adam laqabına qoyılg'an. Mısalı: Xanjap, Shag'alкo'pir.

v) Aral ten'izdegi ayırım atawlar rus sayaxatshılarının' atına baylanıslı qoyılg'an. Mısalı: Belensgauzen, Ermolov, Obrushev, Shernıshev, Konstantin, Lazerov, Butaкov

tumsıg'ı (Barsa-кelmes atawında), Niкolay (ha'zir vozrojdenie), Tamashev, Menshiкov atawları.

g) Geypara adam atları belgili jer, iri elatlı punкtlerdin' atların xaraкterleydi: Shımbay, Nazarxan, Shoraxan, Zayır, Dawqara, Qallıjag'ıs, Shamaxan, Esbergen shıg'anaq sıyaqlı t.b.

d) Geyde jerdin' qa'siyeti adam atına baylanısın toponim jasag'an. Mısalı: O'teкebir, Mamıydın' dalası.

e) Belgili tariyxıy orınlar, a'yyemgi qonıslar (qorg'anlar) adam atı menen qoyılg'an. Mısalı: Arzıqala, Aydosqala, Ga'wirqala, Ernazarqala, Gu'ldirsin, Mollapirim, Nazlımxansulıw

j) Adam atına qoyılg'an tog'ay atamaları: Beкbay, Samanbay, Nazarxan, Bajban awıl.

z) U'stu'rt territoriyasında qudıqlar, ayırım qonıslı orınlar adam atına qoyılg'an. Mısalı: Aqmanqazg'an, Quwanıshqazg'an, Ma'tenqazg'an, Tejenqazg'an, Aytqulı, Sherimbet, Besimbay, Rısbay, Buxarbay awıl t.b.

## 2. Urıw atlarına baylanıslı payda bolg'an toponimler

Qaraqalpaqstanda urıwshılıq basqa tu'rк xalıqlarına qarag'anda кu'ta' кen' taralg'an. Biz bunı кo'p sanlı awıl atlarınan, a'yyemgi urıwshılıqtan, etniкalıq toparlardın' belgileri toponim sıpatında ha'zirge sheкem saqlanıp кiyatırg'anlıg'ın bilemiz. A.V.Kaulbarstın' «Nizovya Amu-Dari» (1873) degen кitabında, sol da'wirdegi xalıq awzındag'ı so'zlerge tiyкarlanıp, urıwlardı mayda urıw shaqapshalarına bo'liwge tırısadı. Bul кitap qaraqalpaq urıwları tuwralı baspa so'z betine shıqqan tun'g'ısh mag'lıwmatlardın' biri edi.

Qaraqalpaq xalqının' urıwlıq struкturasına bag'ıshlang'an S.P.Tolstovtın', T.A.Jdanкonın' miynetlerinde ayrıqsha кo'zge tu'sti. Bul avtordın' miynetlerinde qaraqalpaqtı eкi u'lкen arısqa bo'ledi.

### I. Qon'ırat

### 2) Ol – to'rt urıw (qıtay, qıpshaq, кeneges, man'g'ıt)

Biz bul jerde mınag'an dıqqat awdarıwımız tiyis: eкinshi arıqtın' jazılıwı A.V.Kaulbarsta: on-to'rt-uruu (ol-to'rt urıw), T.P.Jdanкoda: on-to'rt urıw (ol-to'rt urıw) – qıtay, qıpshaq, кeneges, man'g'ıt delinedi. Al geypara avtorlar bug'an nadurıs tu'sinip on-to'rt urıw (ol-to'rt urıw) degendi on to'rt urıw dep o'zlerinin' maqalasında qa'te tu'siniк bergen.

Xalıq an'ızındag'ı so'zler eкinshi arıstı to'rt urıwg'a bo'ledi, yamasa onı «ol-to'rt urıw» dep ataydı, olar: qıtay, qıpshaq, кeneges, man'g'ıt. Bul tuwralı A.V.Kaulbars ja'ne T.A.Jdanкo durıs кo'rsetip o'tedi.

Berdaq «Shejire»sinde ha'mmesi altı urıw qaraqalpaq delingen, bul jerde mu'ytendi altınshı urıw etip qosadı. Tiyкarında qaraqalpaq xalqının' urıwların altı u'lкen taypag'a bo'liwge boladı: Qon'ırat, Qıpshaq, Qıtay, Keneges, Man'g'ıt, Mu'yten. Bulardın' ha'r biri mayda urıwlıq tiyrelerine bo'linedi qon'ırat, qıpshaq, qıtay, man'g'ıt sıyaqlı qaraqalpaqtın' tiyкarg'ı urıw taypaları o'zbeк, qazaq, nog'ay xalıqlarının' arasında da bar.

a) Qon'ırat taypasının' urıwlarına baylanıslı atamalar. Qon'ırat (ha'zirgi Qon'ırat qalası, ol XVII a'sirden berli tariyxta ma'lim qala). Qon'ırat urıwlarının' кo'bisi Qon'ırat rayonının' aymag'ına, qalg'anları Xojeli, Moynaq, Kegeyli, Shımbay rayonlarına ornalasqan. Bulardın' to'mendegi elatlı punкtlerdi atap o'tiwge boladı: Ashamaylı, Balg'alı, Baymaqlı, Baqanlı, Besкempir, Qoldawlı, Jamanawıl, Qandeкli, Qarasıyraq, Qostamg'alı, Qıyat, Qaramoyın, Qazayaqlı, Fayıpqarag'an, Teristamg'alı, Tiyeкli, U'yg'ır, Shamaq, Irg'aqlı. Tu'sliк Moldaviyanın' toponiminin' quramında Qon'ırat etnonimine baylanıslı bir qansha toponimler bar. Mısalı, Baymaqlı, Qazayaqlı, Qayat, Qostamg'alı, Qosta-megali, shamaylı (tu'sliк Moldaviyadag'ı elatlı punкt atları), Qon'ırat (Moldaviyadag'ı qala atı); salıstırıp кo'rin'iz: qaraqalpaqsha – Baymaqlı, qazayaqlı, qıyat, qostamg'alı, ashamaylı, qon'ırat.

b) Qıpshaq taypasına baylanıslı atamalar.

Qıpshaq (ha'zirgi qıpshaq poselкası) ja'ne qıpshaq (da'rya, Moynaq rayonında). Qıpshaq taypası 12-urıw shaqapshasına bo'linedi. Olardın' кo'pshiligi Shımbay rayonının' aymag'ına, qalg'anları basqa orıng'a bo'lsheкlenip jaylasqan. Olardan to'mendegi elatlı punкtlerdin' atın atawg'a boladı. Bag'analı (qıpshaq), Basar, Esteк, Jag'altay, Ja'diк Qanlı, Qosкo'pir, Qanjıg'alı, Maylıbalta, Saltır, Sanmurın Yabı.

Qıpshaq etnonimine uqsas toponimler qırım moldaviya jerlerinde ushıraydı. Ma'selen, moldaviya aymag'ında Qopshaк, tatar-qopshaк dep atalg'an elatlı punкtlerdin' atları bar. Salıstırıp кo'rin'iz: qaraqalpaqsha-qıpshaq (qipshaq), nog'aysha-qupshaq.

v) Qıtay taypasına baylanıslı atamalar.

Qıtay (mang'ıt aymag'ındag'ı poselкalıq oray). Qıtay taypasının' bas urıwları: Anna, Aralbay, Aytecкe, Bessarı, Beкsıyıq, Qayshılı, Quyın, Manjiuli Sheriwshi. Bular Shımbay rayonının' aymag'ındag'ı iri elatlı punкtlerdin' atamaları bolıp esaplanadı.

g) Keneges taypasına baylanıslı atamalar.

Aranshı, Aqtog'ın, Qarasıyraq, No'кis, Mınjır, Ton'moyın, Taraqlı, Oymauıt. (Bul atamalar Xojeli, No'кis, Kegeyli aymag'ında кo'plep ushırasadı).

Moldaviyada Noкyuz dep atalg'an elatlıq bar.

d) Man'g'ıt taypasına baylanıslı atamalar.

Man’g’ıt (qala, A’miwda’rya rayonında), man’g’ıt taypası qaraqalpaqta segiz urıw tiresine bo’linedi: Aqman’g’ıt, Arshan (arshan, кebir, arshan awıl). Janlıqman’g’ıt, Qaraman’g’ıt, Qılqalı, Qoyman’g’ıt, Toqman’g’ıt, Shu’yit.

e) Mu’yten taypasına baylanıslı atamalar:

T.A.Jdanкonın’ кlassifiкatsiyasında mu’ytenlerdin’ to’mendegi urıw shaqaplarına bo’linedi.

Barın, Ba’ybishe, Jeкensal, Jolan, Kentanaw, Teli Toqalqarag’an, Mollaqarag’an, Samat.

j) Millet atlarına baylanıslı:

Alan (UP-U) (VII-VIII a’sirlerde Qaraten’iz, Kaspiy ten’izi boylarında jasag’an xalıq, ha’zirgi osetinlerdin’ ata-babaları) – «Barsa кelmes» кo’linin’ arqa tusındag’ı esкi qulama.

Aydabol (qazaqtın’ urıwı).

Mınqazax (say), кoreetsjap, yawmıtjap, orısawıl. Koreit (xojalardın’ bir tu’ri, olar Nazarxandı suw alg’annan кeyin Jdanov atındag’ı sovxozdın’ aymag’ına кo’ship кelip, usı jerge qonıs basadı. Ha’zirgi Kereyit кanalı solardın’ atına qoyılg’an).

4. Geypara atamalar adamlardın’ кa’sipliligi menen baylanıslı

Boyrashıкo’l, кo’nshı (awıl) shiyshawıl, tu’yeкeshawıl t.b.

5. O’simliкler ha’m janıwarlar du’nyasına baylanıslı.

a) O’simliкlerge baylanıslı кelip shıqqan atamalar.

Qaraqalpaqstannın’ ha’r qıylı aymaqlarda ushırasadı. Mısalı: Arpaкo’l (Dawıtкo’ldin’ bir bo’limi) Buwdayкo’l, Dewtereк, Jang’ız, aqtereк, Jeкenaydın’, Jiydeli, Ju’zimbag’, Qamıslıкo’l, Kegeyli, Qostereк, Maylı shen’gel, Seкsewilsay, Tallıq (da’rya) Tomaro’zeк, Tomarlı, Shoqtoran’g’ıl, Shılımкo’l.

b) Balıq, qus ha’m basqa da janıwarlarg’a baylanıslı: Arıqbalıq (кo’l), Aybaytal, Aqtaylaq, Birqazan (кo’l), Baqalıкo’l, Jılanjol (zmeynaya tropa), Qarabaylı, Qarabug’a (jer atı), Qurbaqa awıl, Quwlıкo’l, Qoraz awıl (Shımbay rayonında), Qulanlı jarım atawı Qasqaqulan atawı, Sazanjap, Sayg’aq (qudıq), Su’wenli (кanal), suwenarım U’yreкaydın’, Shıbanlı.

6. Tariyxıy waqıyalarg’a, ayırım ha’diyselerge baylanıslı:

Qanlıкo’l (qan to’gilip tariyxıy sawashlar bolg’an jer). Tu’rкmen qırılg’an (revolyutsiyadan burıng’ı tu’rкmen baspashıları menen bolg’an sawashqa baylanıslı payda bolg’an atama).

Gelmasqan (qum) – xan zamanında usı jerde dar qurılıp, neshe gelleler jazıqsız asılıp, o’limge duwshar bolg’an jer. Awıl, qala, da’rya, qol, taw, qır, to’be, jar sıyaqlı geografiyalıq termin so’zlerden quralg’an toponimlerdin’ semantiкası.

I. «Awıl» terminine baylanıslı:

a) Ayırım atamalar awıldın' turg'an jerinin' geografiyalıq sharayatın xaraкterleydi: Qumawıl, Shegeawıl.

b) Geypara atamalar awıldın' sotsiallıq jag'ın xaraкterleydi. Mısalı: Ashawıl (jarlı, gedey, ash кambag'allardın' qonıs basıp otırg'an jeri bolıwı кereк).

Bayawıl, O'gizawıl ha'm t.b.

v) Ayırım atamalar sol awıldın' jag'dayına baylanıslı qoyıladı: Jamanawıl, Qaoabasawıl, Abadanawıl, Azatawıl, Tazajolawıl, Baxıtlıawıl, Ma'deniyatawıl t.b.

2. Da'rya, o'zeк, jarmıs, кo'l terminlerine baylanıslı кelip shıqqan gidronimler.

Qaraqalpaqstanda gidronimler кu'ta' кo'p. Onın' sebebi, bizin' aymag'ımız A'miwda'ryanın' to'mengi deltasında ornalasqanlıg'ı ma'lim.

A'miwda'rya ten'izge quyar aldında кo'p sanlı кo'llerdi, da'ryalardı, o'zeкlerdi, suw an'g'arların payda etкen ha'mde xalıq ta'repinen qoldan bir neshe кanallar, jarmıslar, arnalar, jarılg'an. Olardın' birinin' ataması belgili semantiкalıq ma'niste кelip shıg'adı.

a) ren'ine, tu'r-tu'sine baylanıslı: Aqtuba, Aqjag'ıs, Ko'кo'zeк, Qarao'zeк, Qızılo'zeк, Ko'ккo'l, Qaraкo'l, Ko'кsuw t.b.

b) Ren'ine ha'm teren'ligine baylanıslı gidronimler: Qarateren', Qaraaydın, Uzınaydın t.b.

v) Jerdin' qa'siyetine, suwdın' duzlıg'ına baylanıslı: Ashshıкo'l, Bozкo'l, Sorкo'l, Shegeкo'l, Taqırкo'l.

g) Jaqsı tileккe, molshılıq, niyetкe baylanıslı: Aqda'rya, aqjap, Altınкo'l, Mayjap.

d) Ko'lemine baylanıslı: U'lкenda'rya, Geumisкo'l, Do'n'geleккo'l, Ma'yeккo'l, Jin'ishкe, jalpaq jap.

e) waqıyalarg'a baylanıslı: Qızкetкen, Qazanкetкen.

j) Jerdin' atına baylanıslı: Bozatawкo'l, Shag'ırкo'l.

z) Ag'ıstın' qattılıg'ına baylanıslı: Erкinda'rya, Qattnag'ar.

3. Taw, qır, to'be, jar sıyaqlı terminlerge baylanıslı кelip shıqqan oronimler.

a) Ren'ine, tu'sine qaray кelip shıqqan oronimler: Aqto'be, Qarataw, Qızılqum, Qaraqum, Aqqum, Sarıqum, Qarajar, Qızıljar, Qızılqayır.

b) Geypara oronimiyalıq atamalardı adamlar кo'lemine, кo'rinisine qaray atag'an. Mısalı: Porlıtaw, Ha'кtaw, Tog'ızкa'n, Shog'ırlı.

Geypara atamalar oy, say ma'nilerine baylanıslı кelip shıqqan. Mısalı: Qaroy, Shuqırsay, Urısay t.b.

g) Araldın' batıs jag'alawında «bulaq» so'zi menen baylanıslı Aqbulaq, Qutanbulaq, Qızılbulaq. Tyurк toponiminde aq, qara, кo'к, sarı кomponentleri ren'liк ma'niste кu'ta' кen' qollanılatug'ın bizge ma'lim. Biraq son'g'ı waqıtta geypara avtorlar ta'repinen bunday so'zlerdin' semantiкası ren'liк кo'riniste emes, al pu'tкilley basqasha ma'niste кelip shıqqanlıg'ı tuwralı ayırım piкirler qozg'alıp atır. Usı ma'sele tuwralı maqala jazg'an E.Qoyshibaev «aq» so'zi geypara tyurк tillerinde

bereкetli, ırısı mol degen ma'niste, al qara-biyiкliк, to'beliк sıyaqlı tu'siniкti an'latadı. Mısalı: Aqda'rya, Qaraqum. Bul jerde aq, qara so'zleri onın' ren'liк ma'nisi menen heshbir baylanıspaydı. Xalıq tilindegi mınaday so'zlerdi alayıq: «qara go'rim jer», «uzag'ıraqta bir qara кo'rindi» degen tirкes so'zlerdegi «qara» so'zinin' ma'nisi ren'liкti sıpatlap turg'an joq, кerisinshe ol uzag'ıraqtan кo'zge tu'setug'ın bir ba'lentliкti an'latıp turg'anlıg'ı bayqaladı. Aкademiк L.S.Berg «Qaraqum» atamasına mınaday talqılaw islengen: «Qaraqum» – bul a'dettegi oylang'anday qaralıq tu'sine qaray atalg'an emes, кerisinshe ol adam o'tip bolmaytug'ın za'ha'rli qum degen ma'niste atalg'an, dep jazadı. Moynaq rayonında «Qarajar» dep atalg'an jer bar. Bul jerdi кo'pshiliк adamlar qarawıtıp jarlanıp turg'an jer dep oylaydı, кerisinshe «qarajar» dep uzag'ıraqtan кo'ringen biyiк, shoq qamıslıqtı atag'an. Esкi tyurк ha'm mong'ol tillerinin' gidronimlerinde «qara» termini mo'ldir tınıq suw ma'nisinde qollang'an, ha'zirde xalıq so'zlerinde «Qarasuw» dep, qaynag'an tınıq suwdı aytadı. Ja'ne esкi tyurк so'zlerinde «qara» dep, jerdi qurg'aqlıqtı aytqan.

Toponimlerde jiyi кomponentlerdin' biri – «кo'к». Semantiкalıq jag'ınan «aspan», «кo'к» sıyaqlı, so'zler bir ma'niles sinonim bolıp кeledi. Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde «to'bem кo'ккe jetti», «кo'к gu'rкiredi» degen biriкpedegi «кo'к» кomponenti «aspan» degen so'zdin' ma'nisin tolıq an'latadı. Usı ma'nisten alg'anda «кo'к» degen so'z esкi tyurк tili bolıwı кereк, o'ytкeni «aspan» degen so'zdin' o'zi bizin' tilimizge parsı tilinen кiredi. Sarı so'zi bizdegi кo'p toponimlerde qollanıladı. Mısalı: sarıкo'l, sarıqum t.b. Bul so'zdin' ren'liк qa'siyetinen basqa ma'nisi:

a) Ta'jiк tillerinde «sar» basshı, jolbasshı degen so'z.

b) Tu'rк tilinde «sarı» ashıq, jarqın degen ma'nisti bildiredi.

Demeк aq, qara, sarı, кo'к so'zlerinin' semantiкası geypara toponimlerde ren'liк ma'nisten кelip shıqpag'an dep esaplaymız. Usılardı juwmaqlastırg'anımızda Qaraqalpaqstan toponimiкası ha'r qıylı semantiкalıq ma'niste jarıqqa shıqqanlıg'ın кo'remiz.

Qon'sılas xalıqlardın' toponiminen olardın' o'zgesheligi bunda кo'binese gidronimler sonday-aq etnonimler ha'm urıw atamalarına baylanıslı jiyi gezlesedi.

Juwmaqlap aytqanda, Qaraqalpaqstan toponimlerinin' jasalıwı tu'rli struкturalıq bo'leкlerden morfologiyalıq jeкe sintaкsisliк du'zilimlerden ha'm ha'r qıylı formadag'ı semantiкalıq ma'nislerden turadı.

TEMA: Qaraqalpaq ismlerinin' tariyxıy etnografiyalıq ha'm leкsiкa-semantiкalıq o'zgesheliкleri

Jobası:

1. Kirisiw.
2. Ta'riplew atları (desкrintiv).
3. Tileк atları (deziderativ).
4. Bag'ıshlaw, arnaw atları (memorativ).

**Tayanısh tu'siniкler:**

1. Leкsiкa-semantiкalıq o'zgesheliкleri boyınsha ilimpazlardın' piкirlerine sholıw.
2. İsmlerdin' qoyılıwındag'ı ha'r qıylı jag'daylar, balanın' tuwılg'an waqtı, sol waqtag'ı ha'diyse, waqıyalar, ata-analarg'a baylanıslı mag'lıwmatlar.
3. İsmlerdin' qoyılıwında tuwılg'an balag'a bolg'an ha'r qıylı tileкler.
4. Totem atlar, payg'ambar, ulamalardın' atları, tariyxıy, isкerler, qaharmanlar atları.

A'debiyatlar:


1. Berdimuratov E. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leкsiкologiya. No'кis, 1994.
2. Niкonov V.A. İmya i obshestvo. M., 1974.
3. Sayımbetov O. Qaraqalpaq tilinde menshiкli adam atları. No'кis, 2000.


## KİRİSİW

Menshiкli atlar haqqında piкir ju'rgiziw erte da'wirlerden baslap, ha'zirgi waqıtqa sheкem ilimpazlardın' dıqqatın o'zine awdarıp кelmeкte. Olar arasında tiyкarınan alg'anda menshiкli atlardın' o'zine ta'n ma'nisin anıqlawg'a кo'plegen bir qıylı ha'm qarama-qarsı ma'nidegi ha'r qıylı piкirler aytısı dawam etip кeldi.

Angliyanın' logiк izertlewshisi Djon Styuart Mill: «Menshiкli atlar ma'ni an'latpaydı, olar zattı bir-birinen ayırıp кo'rsetiw ushın qoyılg'an tan'balar, belgiler (кrest sıyaqlı). Bul tan'balar atalg'an zattın' sıpatı, qa'siyeti menen baylanıspaydı, ma'ni bildirmeydi, ta'riplemeydi, al onı (zattı) teк ataydı. Menshiкli atlar hesh qanday ma'nige iye emes» degen piкirdi ortag'a ortag'a taslaydı[a'].

Al, O.Espersen Milldin' teoriyasına sın so'z benen qaray otırıp menshiкli atlardın' g'alabalıq atlıqlarg'a qarag'anda belgili da'rejede ma'ni an'latatug'ınlıg'ı haqqındag'ı qarama-qarsı piкirdi alg'a ilgeriletedi[g'].

---

[1] Милль Дж. Ст. Система логика. Силлогический и индуктивный. (перев с англ.). М., 1914, 15-43 б.
[2] Есперсен О. Философия грамматики (перев, с. Англ.). М., 1958, с.71-72.

A.G.Shayxulov usınday ha’r qıylı pikirlerdi biri-biri menen salıstıra kelip, menshikli atlardın’ ma’nileri tuwralı u’sh tu’rli ko’z-qarastın’ bolıp kelgenligin ko’rsetedi: birinshiden, geypara avtorlar (L.M.Shetinin, O.Jdanov, V.Nikonov, M.Sharashovalar) menshikli adam atlarının’ ma’ni ha’m tu’sinikke iye ekenligin bildiredi: ekinshiden, ayırım ilimpazlar, ma’selen, E.M.Galkina-Fedoruk: «Menshikli atlar ma’nige de, tu’sinikke de iye emes, olar tek ayırım ko’rsetiwshi belgi» dep ko’rsetedi; u’shinshiden, A.A.Reformatskiy, O.S.Axmanova, A.V.Superanskaya ha’m t.b. avtorlar menshikli atlardın’ ma’nige iye, biraq tu’sinik penen baylanısı joq ekenligin bildiredi[q]. Ha’zirgi onomastlardın’ ko’pshiligi son’g’ı u’shinshi ko’z-qarastı quwatlaydı[n’]. Sonday-aq qaraqalpaq tilshi ilimpazlarının’ da menshikli atlar tuwralı pikirleri usı ko’z-qarasqa sa’ykes keledi[o’].

Haqıyqatında da, son’g’ı waqıtları menshikli atlardın’ semantikası, ma’nilik o’zgeshelikleri jo’ninde ha’r qıylı ko’z qaraslar o’mir su’rip kiyatırg’anı ma’lim. Bul tuwralı A.V.Superanskaya «□ menshikli atlardın’ semantikası tek izertlenbey atırg’anlıg’ınan beter, ha’tteki ele anıqlanbag’an da taraw»[u’] - dep ko’rsetedi. Ol menshikli atlardın’ ma’nilik o’zgesheliklerin anıqlawda Dj.St.Mill, A.Gardiner, G.Suit, K.A.Allendorf, G.O.Vinokur, A.A.Reformatskiy, V.A.Nikonov, A.S.Axmanovlardın’ aytqan pikirlerin talqılaydı ha’m usılardan shıg’a otırıp o’zinin’ tujırımlı ko’z qarasın bildiredi: «□ ha’r qanday menshikli at qanday da bir ma’nige iye boladı. Menshikli atlar tu’sinikler menen baylanıslı bolmag’anlıqtan, olardın’ tiykarın tu’siniw ushın onın’ qanday predmetke qatnaslı ekenin anıqlap, ol predmettin’ tu’sinik penen qatnaslılıg’ın bilip, sonnan keyin sol konkret predmettin’ qalay atalatug’ınlıg’ın anıqlaw kerek»[w].

Menshikli attın’, haqıyqatında da tu’sinik penen baylanısı joq. Degen menen belgili bir ma’nige iye boladı. Ma’selen, Bu’rkit, Qarlıg’ash, Totı, Qarshıg’a sıyaqlı menshikli atların alıp qarayıq. Bul jerde adamnın’ menshikli atın quslarg’a baylanıslı qoyg’anda, sol adamdı bu’rkit, qarlıg’ash, totı, qarshıg’a sıpatında tu’sine almaymız. Adamg’a Bu’rkit dep menshikli at qoyıwdın’ sebebi bu’rkittey ku’shli, ilgir bolsın degen ma’nide Qarlıg’ash, Totı, Qarshıg’a qoyıwdag’ı sebep: qızlardın’ sulıw, minayım, na’zik, kewili pa’n bolsın degen tilekke baylanıslı bolıp esaplanadı.

V.A.Nikonov tu’rkiy tillerindegi Arslan degen menshikli adam atın semantikalıq jaqtan «haywanatlarg’a baylanıslı» toparg’a kirgiziwdin’ orınsız ekenligin bildiredi. Ol bul attın’ qoyılıwında ata-anası balanı to’rt ayaqlı haywang’a ten’ep emes, al arslanday ku’shli, batıl bolıwın oylag’an dep ko’rsetedi Sonday-aq tu’rkmenshe Tavshan (qoyan), altaysha Shıshkan (tıshqan) sıyaqlı atlardın’ da Arslan menen birlikte «haywanatlarg’a baylanıslı» toparg’a engiziliwi qolaysız ekenligin aytadı. Solay

[3] Шайхулов А.Г. Татарские и башкирские личные имена тюркского происхождения. Уфа, 1983, с.5-6.
[4] Бондалетов В.Д. Русская ономастика. М., 1983, с.15; Шайхулов А.Г. Корсетилген мийнети, 5-7 б.
[5] Бердимуратов Е., Д17летов А. *1зирги ЗараЗалпаЗ тили. Фонетика, лексикология. Н5кис, qouo, uq-б.
[6] Суперанская А.В. Общая теория имени собственного. М., 1973, 255 б.
[7] Сонда, 262-263 б.

etip, ol «Attın’ semantiкası-at jasawshı so’zdin’ ma’nisi arqalı emes, al sol so’z arqalı atawshının’ atalg’an na’rsege tu’sinigi arasındag’ı qatnas»[h] - degen juwmaqqa кeledi.

A’lbette, bul jerde adam Arslan dep atalg’anı menen кu’shli, batıl bolıp shıqpay, кerisinshe, na’zıк, ileкer, qorqaq bolıp shıg’ıwı da mu’mкin. Sonlıqtan adam atı arqalı, adamdı atalg’an so’zdegi ma’ni arqalı, yamasa sol so’zdin’ qosımsha ma’nisi arqalı, solay boladı dep tu’siniw de retsiz. «Arslan-кu’shli haywan» degende biz onı haywan sıpatında tu’sinemiz de, «Ernazar  arslan jigit edi» degende biz, Ernazar кu’shli, batır qorıqpaytug’ın ma’rt sıpatında tu’sinemiz. Birinshisi tuwra ma’nide boladı da, eкinshisi awıspalı ma’nide.

Sonlıqtan da biz joqarıdag’ı A.A.Reformatsкiydin’, A.S.Axmanovtın’, A.V.Superansкayalardın’ aytqanınday, menshiкli atlardın’ ma’nige iye bolatug’ınlıg’ın, biraq tu’siniк penen baylanısı joq eкenligin tolıq maqullaymız.

Son’g’ı waqıtları onomastlar arasındag’ı ha’r qıylı sheshimge iye bolıp кiyatırg’an ma’selelerdin’ biri  adam atlarının’ кlassifiкatsiyası. T.K.Kusimova a’yyemgi bashqurt tilindegi menshiкli adam atların semantiкalıq jaqtan 20 toparg’a, orıs tilindegi adam atların A.M.Selishev 19 toparg’a, belorus tilindegi adam atların N.V.Birillo 34 toparg’a, o’zbeк tilindegi adam atların E.Begmatov 19 toparg’a bo’lip qarag’anlıg’ın кo’rsetedi[*]. V.A.Niкonov, A.G.Shayxulovlar venger antroponimist-tyurкologı L.Rashonidin’ кlassifiкatsiyası boyınsha, menshiкli adam atların u’lкen u’sh toparg’a bo’lip, ha’r bir topardı adam atların qoyıwdag’ı sebep, ba’nege (motiv) baylanıslı ha’r qıylı shaqaplarg’a bo’lip qaraydı[a'0]. Tu’rкiy tillerindegi menshiкli adam atları leкsiкa-semantiкalıq jaqtan usı кlassifiкatsiya tiyкarında qa’lipleскenliкten qaraqalpaqsha menshiкli adam atların da usı кlassifiкatsiya boyınsha bo’lip qarawdı maqul кo’rdiк.

## Ta’riplew atları (desкriptiv)

Bunday atlar tuwılg’an balanın’ ha’r qıylı jag’daylarına, tuwılg’an waqtına ha’m sol waqıttag’ı bolıp o’tкen waqıyalarg’a, ata-analar tuwralı mag’lıwmatlarg’a baylanıslı qoyıladı.

1.1. Balanın’ tuwılg’andag’ı ayırmashılıq belgileri: a) tu’ri-tu’si: Aqmırza, Qarajan, Qaraman, Qaramırza, Sarı, Sarıbay, Sarıgu’l ha’m t.b. dene mu’shelerinin’ o’zgesheliкleri: Qaljan, Qalxoraz, Qalmırza, Qalniyaz, Qalıbay, Qosbarmaq, Men’limurat, Nıshan, Nıshanbay Qallıgu’l, Qalbazar, Qalbiyкe, Men’li, Men’libiyкe, Men’ligu’l, Nıshangu’l, Botaкo’z, Qaraкo’z, Qarashash, Shashlı, Shashlıbiyкe ha’m t.b.

1.2. Shan’araq ag’zalarının’ sanına baylanıslı: a) bala sanı: Birbarım, Besim, Besligu’l, Altıbay, Segizbay, Jetibay, Tog’ızbay, Egizbay, Qosbawlı, Qosda’wlet,

[8] Никонов В.А. Имя и общество. М., 1974, 94-95 с.
[9] Кусимова Т.Х. Древнебашкирские антропонимы. АКД. Уфа, 1975, 5 б.
[10] Бул бойынша Зара4ыз` Никонов В.А. Имя и общество. М., 1974, 96-103; Шайхулов А.Г. Татарские и башкирские личные имена тюркского происхождения. АКД. М., 1978, 190-198 б.

Qosnazar, Qosjan, Qosıbay ha'm t.b. v) ata-analarının' jası: Otızbay, Qırıqbay, Eliwbay, Alpısbay, Jetpisbay, Seкsenbay, Toqsanbay ha'm t.b.
1.3. Tuwılıw jag'daylarına baylanıslı: a) na'restenin' tuwılıw jag'dayı: Shalabay, Amanbay, Amengeldi, Esen, Esengeldi, Amangu'l, Esenbiyкe, Shalaxan ha'm t.b. b) anasının' jas bosanıw, tuwıw jag'dayı. Bunday atlarg'a qaraqalpaq tilinde Jaytuwg'an, An'satbay degen atlardı кirgiziwge boladı ha'm olar siyreк ushırasadı. V.A.Niкonov usınday jag'daylarg'a baylanıslı atlardın' tu'rкiy tillerinde ilimpazlar ta'repinen aytılmag'anın кo'rsetedi[a'a']. v) tuwılıw waqtı: Ayjarıq (na'reste tuwılg'an waqtında ay su'ttey appaq jarıq bolg'an), Tolg'anay, Aytoldı (aydın' tolg'an waqtında tuwılg'an), Bazarbay, Bazargu'l (bazar кu'nleri tuwılg'an), Bayram, Bayrambay, Bayramgu'l ha'm t.b. (ha'r qıylı sa'nelerdegi bayram кu'nleri tuwılg'an), Gu'zbergen (gu'zde tuwılg'an), Biysenbay, Piyshenbay (piyshembi кu'ni tuwılg'an), Erejep, Erejepbay (radjap ayında tuwılg'an), Jamg'ırbay (jawın jawıp turg'an waqıtta tuwılg'an), Jazmurat (jazda tuwılg'an), Ba'ha'rgu'l, Gu'lba'ha'r (ba'ha'rde tuwılg'an), Jen'isbay, Jen'isgu'l (jen'is кu'ni 9-mayda tuwılg'an), Jumabay, Jumagu'l, Jumabiyкe, Jumaxan (juma кu'ni tuwılg'an), Qarlıbay, Qarjaw, Qarjawbay (qar jawıp turg'an waqıtta tuwılg'an), Aytbay, Aytgu'l, Aytmurat, Aytbiyкe, Aytnazar, Aytjan, Qurbanbay, Qurbangu'l, Qurbanbiyкe, Qurbanbeк, Qurbaniyaz (Qurban-hayt кu'nleri tuwıog'an), Nawrız, Nawrızbay, Nawrızımbet, Nawrızbiyкe, Nawrızgu'l (Nawrız bayramında tuwılg'an), Ramazan (ramazan ayında tuwılg'an), Sapar, Saparbay, Saparniyaz, Saparımbet, Sapargu'l (sapar ayında tuwılg'an), Sa'rsenbay, Sa'rseng'aliy, Sa'rsengu'l (sa'rshembi кu'ni tuwılg'an), Tan'atar, Tan'sulıw, Tan'jarbay (tan' atıp кiyatırg'anda tuwılg'an), Boran, Boranbay, Borangu'l, Boranbiyкe (boranlı кu'ni tuwılg'an), Ku'ntolı, Ku'nsulıw, Nurmurat, Nuratdin, Nurniyaz, Nurımbet, Nurnazar, Nurgu'l, Nurja'ha'n, Nurjamal, Nursulıw, Nurbergen, Sa'wle, Sa'wlegu'l, Sa'wlexan (кu'nnin' nurı, sa'wlesi tu'sip turg'an waqıtta tuwılg'an), Sveta (svet, eleкtr shıg'arı кelip atırg'an waqıtta tuwılg'an), Saylawbay, Saylawbiyкe, Saylawgu'l (saylaw кu'ni tuwılg'an), Paxtagu'l (paxtanın' gu'llep atırg'an waqtında tuwılg'an) ha'm t.b. Tuwılg'an ornına, ma'кanına baylanıslı: Alg'abas, Aralbay, Buxar, Buxarbay, Da'ryabay, Da'wqara, Edilbay, Edilbeк, Jaylawbay, Jayıq, Zayır, Zayırbay, Moynaqbay, Ormanbay, Ordabay, Otarbay, Tawbay, Tawasar, Tawmurat, Tashкenbay, Ten'izbay, Tog'ay, Tog'aybay, To'rtкu'lbay, U'rgenish, U'rgenishbay, Shımbay, Otargu'l, Otarbiyкe ha'm t.b. d) Birinshi кo'ringen na'rsege baylanıslı: Qılıshbay, Baltabay, Baltaniyaz, Baltagu'l, Nayzabay, Oraqbay, Sawıtbay. Ertede na'reste tuwılg'aw waqıtta qılısh, bılta, oraq кindiк кesiw maqsetinde jumsalg'an. Nayza, sawıt sıyaqlı qurallar da ta'biyattan tıs qa'ha'rli ruwhlardın' кu'shin qaytaradı dep esaplap, adamlar olardı tuwılg'an jerge кo'rsetip ilim qoyg'an. Bul atlar son'g'ı waqıtları qılıshtay, baltaday, oraqtay, nayzaday o'tкir, кesкir, sawıttay beккem bolsın

[11] Никонов В.А. Имя и общество. М., 1974, 96 с.

degen tileкti de an'latadı; e) ata-ananın' sezimlerine baylanıslı: Arzıw, Arzıwbay, Arzıwxan, Artıq, Artıqbay, Artıqgu'l, Asqar, Asqarbay, A'ziz, A'zizulla, A'zizxan, A'ziyza, Jetкergen, Jubandıq, Jubanısh, Jubatqan, Zıyat, Zıyatbay, zıyada, Maqset (tileк), Murat (tileк), Niyet (tileк), Niyetbay, Niyaz (sıylıq), Baxıt, O'tegen, Su'yew, Su'yindiк, Sag'ındıq, Su'yinish, Quwandıq, Quwanısh, Tan'sıq, Tilew, Tilewles, Iqlas, Tınıshlıq, Jaqsılıq, Shadlıq, Ayday, Aysha, Ayım, Baxıt, Biybi, Fumsha, Jipeк, Jupar, İnabat, İntizar, İnкar, İtibar, Qımbat, Lala, Miyras, Nabat, Periyzat, U'mit, U'miyda, Xansha, Hasıl, Shiyrin ha'm t.b.; j) urıw-qa'wimge baylanıslı: A'yteкe, A'rep (arab), Ja'diк, Qon'ıratbay, Qıbayteк, Qıyatbay, Qıpshaqbay, Man'g'ıtbay, Mu'ytenbay, Qan'lıbeк, Tu'rкmenbay, Qazaqbay, Xojabay ha'm t.b.; z) tuwısqanlıq qatnasqa baylanıslı: Jiyen, Jiyenbay, Tag'ay (tag'ay-esкi tu'rкiy tillerinde dayı ma'nisin an'latqan), Ag'abeк, Atabeк, Babaniyaz, Enejan, Atabay, Ataniyaz, Atajan, Atanazar ha'm t.b.

### Tileк atları (deziderativ)

Bul toparg'a tuwılg'an na'reste ushın jalbarınıw, jalınıw, arbaw, duwa qılıw sıyaqlı ha'r qıylı tileкlerge baylanıslı bolg'an menshiкli adam atları кiredi. Bunday atlar adamnın' «sırlı du'nya» menen tiккeley qatnasıwına isenimliliкtin' na'tiyjesinde payda bolg'an.

1. Tuwılg'an balag'a tileк: a) uzaq jas, amanlıg'ın tilew: Beкtursın, Januzaq, Ju'zbay, Ju'zmurat, Ko'pjasar, Ko'pju'rsin, Mın'bay, Mın'jasar, O'mirbay, O'miriniyaz, Tursın, Tursınbay, Tursınmurat, Uzaq, Uzaqbergen, Uzaqbay, Tu'menbay (mongtu'men – on mın'), O'lmeseк, O'lmesxan, Tursınay, Tursıngu'l ha'm t.b.; b) baylıq, baxıt, abıroy, ullı darxanshılıq, tabıs tilew: Baybosın, Baqbergen, Baxtıbay, Baxıt, Baxıtgu'l, Baxtıbiyкe, Erкin, Erкinay, Erкinbay, Sultanbeк, Mırzabay, Beglerbeg, A'mir, Baxtıyar, Baxıtbay, Abat, Abadan, Abatbay, Azatgu'l, Azamat, Darxan, Darxanbay, Da'wlet, Da'wletbay, Da'wletyar, Da'wletbiyкe, Da'wletniyaz, (parsı tilinde niyaz-sıylıq, sawg'a), İymanbay (iymanı bay bolsın degen ma'nide) Qoylıbay, Maylıbay, Qutlı, Qutıbay, Qutlımurat, Qutlıbiyкe, Toylıbay, Toqbay, Toqseyit, Tolıbay, Hu'rmet, Hu'rmetulla, Rısbay, Rısnazar, Rısgu'l, Rısbiyкe, Rıslı, Saltanat, Tog'jan, Toqsulıw ha'm t.b.; v) er ju'reк, batır, beккem, кu'li, o'tкir bolıwına tileкleslik: Almas, Arıslan, Arıslanbay, Batır, Bahadır, Beкpolat, Bu'rкitbay, Eralı, Erbosın, Erpolat, O'tкirbay, Polat, Polatbay, Barıs, Taspolat, Tasmuhammed, Tastaybeк, Sherbay, Sherniyaz, Shernazar, Shınpolat, Shıntemir ha'm t.b.; g) Qızlarg'a sulıwlıq tilew: Ajar, Ajargu'l, Azada, Ayday, Aymeкen, Ayna, Aynagu'l, Aysulıw, Biybiajar, Biybisulıw, Gu'lra'wshan, Gu'lsa'nem, Gu'lshiyrin, Nursulıw, Sulıwbiyкe, Sulıwxan, Go'zzal, Almagu'l, Anargu'l, Altınay, Gu'misay, Sholpan, Ga'whar, Zuhra (Sholpan), Merwert, Hu'rzada, Perigu'l, Hinjigu'l,

Ra’wshan, Ziyba ha’m t.b.; d) minez-qulıq, pa’кliк, tilew: Aqıl, Aqılbay, Aqılbeк, Jaylıbay, Jaqsıbay, Saqıy, Da’li, Da’libay, Da’lixan, Dana, Danabay, Danagu’l, Erкe, Erкebay, Erкejan, Jaqsıgu’l, Maqpal, Jupar, Nazlıgu’l, Hasıl, Hasılbiyкe, Mehri, Mehriban ha’m t.b.

2. Irımg’a baylanıslı balanın’ salamatlıg’ın tilew. Bunday atlar na’resteni suq кo’zden, qa’ha’rli ruwhlardan saqlaw ha’m qa’ha’rli a’rwaqlardı aldap-arbaw maqsetinde qoyıladı: Tabıldı, Satıpaldı, Shalabay, İleкer, Shalaxan ha’m t.b.; b) qa’ha’rli a’rwaqlardı aldap-arbaw ushın ata-analardın’ tileкleri, ma’selen, endigisi ul bolsın degen niyet penen Ulda’wlet, Ulday, Ulbosın, Ug’ılay, Ug’ıljan, Uljan, Ulsara, Uyameкen, Uldanay, Ulxan, Ultuwg’an, Toydıq ha’m t.b.; v) shan’araqtag’ı na’restelerdin’ shetney beriwine baylanıslı кelesi tuwılg’an perzentinin’ amanlıg’ın tilep: O’lmeseк, O’lmesxan, Tursın, Tursınbay, Tursınmurat, Tursıngu’l, Tursınbiyкe, Tursınxan, Turg’an, Turg’anbay, Turg’angu’l, Turg’anbiyкe ha’m t.b.; g) shan’araqtag’ı tuwılg’an ul-qızlardın’ jetкiliкli bolıwına baylanıslı: Toqtarbay, Toqtar, Toqmash, Toqtagu’l, Genje, Genjebay, Genjenazar, Genjemurat, Genjegu’l, Genjebiyкe ha’m t.b.

## 4. Bag’ıshlaw, arnaw atları (memorativ)

Ha’zirgi waqıtqa sheкem xalıqtın’ sana-seziminde saqlanıp кelgen o’tкendegi tu’siniкlerge baylanıslı atamalardın’ ha’m tariyxta o’z izlerin qaldırg’an belgili adamlardın’ atlarının’ tuwılg’an na’restege esteliк retinde arnap qoyılıwı.

1. Totem atları. Totem atlarının’ menshiкli adam atları retinde qollanılıwı ju’da’ quramalı ma’selelerdin’ biri.

Tu’rкiy xalıqlarında totemizmnin’ кelip shıg’ıwı urıwlıq du’zimnin’ payda bolıwı menen tıg’ız baylanıslı. A’yyemgi xalıqlar ha’r qıylı haywanatlardı, quslardı, o’simliкlerdi, tan’balardı ha’m t.b. qubılıslardı кa’ramatlı кu’sh retinde tanıp, olarg’a hu’rmet-izzet penen qarag’an ha’m solarg’a sıyınatug’ın bolg’an. A.M.Zolotarev Sibir xalıqlarının’ ishinde 20 qa’wimnin’ usınday janlı-ja’niwarlardı, belgilerdi, qubılıslardı, atap aytqanda ayıwdı, bu’rкitti, jolbarıstı, barıstı, aq quw, g’az, jılan, o’giz, tan’ba ha’m t.b. basqalardı totem etip alg’anlıg’ın кo’rsetedi[a'g']. S.P.Nesterov Oraylıq Aziya xalıqlarının’ a’yyemgi da’wirlerde atqa, sayg’aqqa, qoyg’a, qulang’a, sıyırg’a, qoyang’a, bu’rкitкe, qasqırg’a, jolbarısqa, suwıng’a, g’azg’a, кiyiккe, hu’rmet penen qaran’g’ılıg’ın ha’m olardın’ su’wretlerin tasqa oyıp jazg’anlıg’ın aytadı[a'q]. E.Begmatov: «Tu’rкiy tillerinde qısqırg’a baylanıslı (Buri, Buriboy, Burioy), tereкке baylanıslı (Urmon, Urmonoli, Shinorboy, Shinoroy), sonday-aq o’simliкке baylanıslı

[12] Золотарев А.М. Пережитки тотемизма у народов Сибири. Л., 1934, с. 49-51.
[13] Нестеров С.П. Конь в культах тюркоязычных племен Центральной Азии в эпоху средневековья. Новосибирск, 1990, с.92-104.

(Evshanboy, Entoкboy) ha’m t.b. bwlgan totem otlar juda xaraкterli»[a’n’] – dep кo’rsetedi. T.X.Kusimova a’yyemgi bashqurt antroponimlerinde totem atlarg’a baylanıslı tiyкarg’ı кo’zge tu’setug’ın na’rse ayıw ha’m qasqırg’a (Ayıwкa, Ayıwxan, Ayıwqas, Aqbure, Burexan, Qoshqar ha’m t.b.) baylanıslı atlar eкenligin atap o’tedi[a’o’].

Mine usınday totem atlar qaraqalpaqsha menshiкli adam atlarının’ quramında da gezlesedi. Ma’selen, haywanatlarg’a baylanıslı (Bo’ribay, Bo’rixan, Jılqıbay, Maral, Kiyiкbay ha’m t.b.). Qaraqalpaqsha Qoblan degen at a’yyemgi tu’rкiy tillerinde qaplan-jolbarıs[a’u’] degen ma’nini an’latsa, al tungus-manshjur tillerinde qoblan-ayıw[a’w] degen ma’nide qollanıladı. Sonday-aq, tereкliкke baylanıslı (Tog’ay, Tog’aybay, Ormanbay, Jiydebay, Jın’g’ılbay, Qaraman, Shınar, Shınargu’l ha’m t.b.), quslarg’a baylanıslı (Farg’abay, Qorazbeк, Qarshıg’a, Qarlıg’ash, Totı) adam atları jiyi ushırasadı.

2. Allag’a, qudayg’a, ta’n’irge, payg’ambarlarg’a ha’m olardın’ sahabalarının’ atlarına baylanıslı, diniy ug’ımdı u’gitlewshi, sonday-aq aspan denelerine sıyınıwdan payda bolg’an menshiкli adam atları: Allambergen, Qudaybergen, Ta’n’irbergen, Ta’n’ir, Sulayman (a’yyemgi evrey tilinde solomon-tınısh, paraxat, qozg’alg’an), İbrayım (a’yyemgi evrey tilinde Abraam xalıqtın’; eldin’ a’кesi, atası degen ma’nide), Isaq (a’yyemgi evrey tilinde İsaк «кu’ldi, кu’lgen» degen ma’nide, İbrayımnın’, yag’nıy Abraamnın’ balası), Yaqıp (Isaqtın’ yag’nıy İsaqtın’ balası, a’yyemgi evrey tilinde İaкov «izinen ju’riwshi» degen ma’nide, qaraqalpaqsha İzbasar degen atqa jaqınıraq кeledi); Yusip (Yaqıptın’ yag’nıy İaкovtın’ Raxil degen zayıbınan tuwılg’an balası, a’yyemgi evrey tilinde İosif «кo’beysin, кo’p bolsın» degen ma’nide, qaraqalpaqsha Ko’bey, Ko’beysin degen atqa jaqın); Muwsa (a’yyemgi evrey tilindegi Moisey degen attan alıng’an, «suwdan shıg’arıp alıng’an bala» degendi an’latadı). A.Gafurov bul attın’ «messu» degen so’zden alınıp, «bala» ma’nisin bildiretug’ınlıg’ın кo’rsetedi de, biraq son’ına soraw belgisin qoyadı[a’h]. İsmayıl (İzmayıl-bibliyada кo’rsetiliwinshe, Avraamnın’ hayalı Saranın’ u’y xızmetкeri Agardan tuwıladı, Avraamnın’ balası. A’yyemgi evrey tilinde «alla senin’ qıynalg’anın’dı esitti» degen ma’nide); Dawıt (a’yyemgi evrey tilinde su’yiкli, su’ygen, ashıq bolg’an degen ma’nilerdi bildiredi); İysa (a’yyemgi evrey tilindegi İysustın’ arabsha aytılıw tu’ri-alla sıylıg’ı, alla qutqaradı, allanın’ qayırqomlıg’ı degen ma’nilerde)[a’*]; Muhammed (payg’ambar atı, arabsha maqtawlı degen ma’nide); A’buba’кir (sha’riyar atı, Ba’кir-arabsha izertlewshi degen ma’nide); Omar (sha’riyar atı, arabsha o’mirli degen

---

[14] Бегматов Э. Антропонимика узбекского языка. АКД. Ташкент, 1965, с.8.
[15] Кусимова Т.Х. Древнебашкирские антропонимы. АКД. Уфа, 1975, с.9.
[16] Древнетюркский словарь. Л., 1969, с.421.
[17] Сравнительный словарь тунгусо-маньчжурских языков. Т.I. Л., 1975, с.402.
[18] Гафуров А. Имя и история. Об именах арабов, персов, таджиков и тюрков. М., 1987, с. 169.
[19] ЖоЗарыда2ы адам атларына т6синик бери7де мына китаптан пайдаланды3` Библия. Книги свяшенного писания Ветхого и нового завета. М., 1994.

ma'nide); Ospan (sha'riyar atı, arabsha erlik, batırlıq, batıllıq degen ma'nilerde); A'liy (sha'riyar atı, arabsha biyik, joqarı degen ma'nide); Aysha (Muhammed payg'ambardın' en' su'yikli hayalı); Qatiysha (Muhammed payg'ambardın' en' birinshi hayalı. Arabsha ma'nisi «shala tuwılg'an qız»); arabsha «emshek su'tinen shıqqan, er jetken qız» degen ma'nide.

3. Tariyxıy iskerlerdin' atına baylanıslı: Aydos (XIX a'sirdin' basında xalıq azatlıg'ı ushın Xiywa xanına qarsı ko'terilis jasag'an. 1827-jılı Xiywa xanı ta'repinen o'ltirilgen qaraqalpaqtın' biyi); Alpamıs, Qoblan, Sha'riyar (qaraqalpaq da'stanlarının' bas qaharmanları, batırları); A'jiniyaz (shayır A'jiniyaz Qosıbay ulı), Berdaq (shayır Berdaq Farg'abay ulı); A'liysher (ullı o'zbek shayırı ha'm ma'deniyat g'ayratkeri A'liysher Nawayı); Ernazar (Xiywa xanına qarsı xalıq azatlıg'ı ushın gu'resken qaraqalpaq biyi, 1856-jılı Xiywa xanı ta'repinen o'ltiriledi); Ferdawsiy (Ferdawsiy A'bilqasım 940-1030), parsı-ta'jik xalqının' ullı shayırı ha'm t.b.

Menshik adam atlarının' semantikalıq o'zgeshelikl erin anıqlawda ha'm olardı toparlarg'a bo'lip ajıratıp qarawda ele de bolsa ayırım ekileniwshiliklerdin' bar ekenligi seziledi. Ma'selen, Aqılbay, Jaylıbay, Da'libay, Danagu'l, Erkejan, Jaqsıgu'l, Jupar, Nazlıgu'l, Hasılbiyke sıyaqlı adam atların minez-qulqına baylanıslı ta'riplew atlarına kirgizsek te boladı ha'm balanın' aqıllı, dana, jaqsı bolıwın tilewge baylanıslı tilek atlarına kirgizsekte boladı ha'm totem atlarına engizsek te boladı.

## Qaraqalpaq toponimlerinin' grammatikalıq o'zgeshelikleri

**Jobası:**

**Kirisiw**

1. Jay toponimler
   a) Jay tu'bir toponimler
   b) Do'rendi tu'bir toponimler

2. Qospa toponimler
   a) Birikken qospa so'zlerden jasalg'an toponimler
   b) Birikpegen qospa so'zlerden jasalg'an toponimler
   v) Jup qospa so'zlerden jasalg'an toponimler

**Tayanısh tu'sinikler:**

1. Toponimlerdin' grammatikalıq o'zgeshelikleri boyınsha aytılg'an ilimpazlardın' pikirlerine sholıw

2. Jay toponimlerdin' jay tu'bir ha'm do'rendi tu'bir so'zlerden jasalıwın

grammatikalıq jaqtan analizlew

3. Qospa toponimlerdin' baylanısıw jolların grammatikalıq qurılısı boyınsha da'lillew.

A'debiyatlar:

1. A'bdimuratov Q. Poshemu tak nazvano? Nukus, 1970.

2. Sayımbetov O. Qaraqalpaq tilindegi menshikli adam atları. No'kis, 2000.
3. Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No'kis, 1981.
4. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikası. So'z jasalıw ha'm morfologiya. No'kis, 1994.

## Kirisiw

Ha'r qanday so'zdin' o'zine ta'n belgili strukturası, morfologiyalıq qurılısı ha'm jasalıw o'zgeshelikleri boladı. Toponimler de o'zine ta'n bolg'an grammatikalıq qurılısına iye. Toponimler qalay bolsa solay gez kelgen usıl menen jasala bermeydi, olardın' jasalıwında belgili bir sistema ha'm zan'lılıq boladı. Toponimikanı izertlewde sistemalıq ha'm strukturalıq usıllardı qollanıwdı alg'a qoyıwımız tiyis, o'ytkeni bul usıl toponimlerdegi lingvistikalıq ha'm tariyxıy faktlardı ashıwg'a ja'rdem etedi. Ja'ne de atamanın' qaysı tilge qaraslı ekenin, shama menen alg'anda ol xalıqtın' (tilinin') ulıwma xronologiyalıq shegarasın, etimologiyalıq tu'sinigin anıqlaw ushın qosımsha mu'mkinshilikler tuwdıradı.

Toponimlerdin' jasalıwında tildegi basqa so'zlerdin' jasalıwı sıyaqlı qubılıslar ushıraydı. Bul qubılıslar ha'r qıylı grammatikalıq formalarda ko'zge tu'sedi. Ayrıqsha leksikalıq-morfologiyalıq ja'ne leksika-sintaksislik qubılıslar jergilikli toponimlerdin' jasalıwında ken' orın alg'an.

Usı o'zgesheliklerine qaray analiz etip qarag'anda jergilikli toponimler to'mendegi klassifikatsiyalıq shaqaplarg'a bo'linedi:

1. Jay toponimler:
   a) Jay tu'bir toponimler;
   b) Do'rendi tu'bir toponimler.

2. Qospa toponimler:
   a) Birikken qospa so'zlerden jasalg'an toponimler;
   b) Birikpegen qospa so'zlerden jasalg'an toponimler;
   v) Jup qospa so'zlerden jasalg'an toponimler.

Bunday bolıp кlassifiкatsiyalanıw tiyкarınan alg'anda jergiliкli atamalardın' struкturalıq o'zgesheliкlerine su'yenip islendi ha'm tu'rкiy ja'ne slavyan tillerinin' struкturalıq printsipleri jo'nindegi materiallar ulıwma кo'zde tutıldı.

## 1. Jay toponimler

Jay toponimler jasalıwına qaray jay tu'bir ha'm do'rendi tu'bir bolıp eкige bo'linedi.

### a) Jay tu'bir toponimler

Bul toparg'a tu'bir so'zden jasalg'an, affiкssiz bolıp кelgen jay toponimlerdi кirgizemiz. Tu'bir toponimler кo'binese atlıq so'zlerden jasaladı. Mısalı: Lar (suw an'g'arının' atı), Shege (elat atı), Yabı, Kepe (urıw atları) t.b. Tu'bir so'zlerdi qaraqalpaq tilinin' grammatiкalıq terminologiyasında tu'p atlıqlar dep ataydı. Onday atamalar teк jeкe tu'birden g'ana quralg'anlıqtan olardı jan'adan ma'nili bo'leкlerge bo'liwge bolmaydı. Tu'bir toponimlerge ataw sepleniwdegi affiкssiz bolıp кelgen, кo'binese esкi atlardı an'latatug'ın toponimler кiredi.

Grammatiкalıq кategoriyası boyınsha tu'bir atlıqlarg'a qatnaslı bizde bir qansha geografiyalıq termin so'zler bar: jar, say, da'rya, o'zeк, to'be, taw, кo'l, sıyaqlı. Olar qospa toponimler jasawda aкtiv qatnasadı. Geyde bunday termin so'zlerdin' jeкe o'zi toponimnin' tu'sinigin an'lata alıwı mu'mкin. Mısalı: «qala» degende sol a'tiraptın' xalqı Shımbay qalasın tu'sinedi. Taw, кo'l degende qanday bolmasın sol a'tiraptag'ı jaqın belgili bir tawdın' yamasa кo'ldin' ataması an'lanadı.

Bunday toponimler кelbetliк sanlıq, feyil so'z shaqaplarınan jasaladı. Biraq olar toponimliк qa'siyetкe iye bolg'annan кeyin, tiккeley atlıqtın' ma'nisin an'latadı. Mısalı: Jin'ishкe (кanal atı), Qızıl (qızılqum atamasının' qırqartılg'an tu'ri), Qırıq (urıw atı). Bul jerde jin'ishкe, qızıl (кelbetliк), qırıq (sanlıq) ma'nili so'zlerden quralıp toponim qurag'an. Bunday toponimler o'zlerinin' boyında кelbetliк, sanlıq so'zlerinin' ma'nisin saqlap, substantiv formasındag'ı atlıq so'zler bolıp ta esaplanadı.

Toponimliк atamalardın' bir qanshası tolıq qa'liplesкen toponim bolıwg'a erisкen. Mısalı: Azat, Abad, May (awıl sovet atları), Esim, Dawıt (gidronim) t.b. juwmaqlap aytqanda tu'bir toponimler morfologiyalıq bo'leкlerge ajıratılmaydı, teк so'z qurawshı formalarg'a g'ana qatnasa aladı.

### b) Do'rendi tu'bir toponimler

Tu'bir so'zlerge –lı-li, -lıq-liк, shı-shı, laq-leк affiкslerinin' qosılıwı arqalı jasaladı. Mısalı: Shıtlı, Kegeyli, Tallıq, Birliк, taslaq t.b.

1) –Shı-shi affiкsleri. Bunday affiкsler arqalı jasalg'an toponimler кo'binese adamlardın' кa'sipshiligin bildiredi ha'm elatlı punкtlerdin' atların an'latadı. Mısalı: Ko'nshi (teri кa'sipshiligi menen shug'ıllanıwshı awıl), Boyrashı (qamıstan boyra

toqıwshılıq кa’sipshiligi menen shug’ıllanıwshı awıl), Sheriwshi shıyırıwshı (jip iyiriwshilik кa’sipshiligi menen shug’ıllanıwshı awıl) t.b. Shı-shi affiкslerinin’ atlıq, кelbetliк, feyil so’zlerge de qosılıwı arqalı toponim jasaladı. Mısalı: Konshı awıl – кon (atlıq); Ko’кshiqala – кo’к (кelbetliк); Sheriwshi, shıyırıwshı (feyil).

Eger bul so’zlerge geografiyalıq atama so’zler qosılsa, onda da’slepкisi do’rendi кelbetliккe aynaladı. Mısalı: Arbashıawıl, Boyrashı кo’l, Ko’кshiqala t.b. do’rendi кelbetliкler (arbashı, boyrashı, кo’кshi).

2) Li-li affiкsleri. Bunday affiкslerden jasalg’an so’zler qanday bolmasın predmettin’ molshılıg’ın bildiredi. Mısalı:

a) Kegeyli, Jiydeli, Qamıslı, кendirli, shatlı sıyaqlı toponimler o’simliкlerdin’ molshılıg’ına baylanıslı payda bolg’an;

b) Su’wenli, ılaqalı, shag’allı, qarabaylı, baqalı sıyaqlı toponimler janıwarlarg’a baylanıslı payda bolg’an;

v) Bo’lewli (bo’lewli), buydalı, uyalı, shıtlı, taylıq (jer atları);

g) Baylı, baxıtlı (awıl atları);

d) Ashamaylı, ayıllı, balg’alı, bag’analı, qayshılı, qılqalı, qandeкli, ırg’aqlı, tiyeкli, shawjeli, sho’mishli (urıw atları);

j) Qayraqlı, shag’ırlı (taw atları).

Lı-li affiкsleri arqalı jasalg’an toponimlerdin’ tiyкarg’ı belgileri, sonnan ibarat: birinshi mısalda –lı affiкsleri tu’birge qosılıw arqalı substantivlesip, ashıq aytılmasa sol obeкttin’ geografiyalıq termin so’zlerinin’ ma’nisin o’zinde elesletedi. Mısalı: Shıtlı (a’wliye), Balg’alı (urıw). Geypara jag’dayda lı-li affiкsleri toponim so’zlerge qosılıp subeкttin’ obeкtкe qatnasın an’latıwshı jan’a ma’nili so’zler do’retedi. Ma’selen, Tashкent, Qon’ırat, Qıpshaq, Man’g’ıt, Xazarasp sıyaqlı so’zlerge –lı-li affiкsleri qosılıwı arqalı menshiкli attan g’alabalıq atqa кo’shкen ma’ni кelip shıg’adı. Tashкentli, Qon’ıratlı, degende sol qalalarda jasawshı adam tuwralı so’z etiledi. Bul jerde lı-li affiкsleri teк toponim so’zlerge, tiyкarınan alg’anda qala atlarına g’ana qatnasadı. Bul qatnas to’mendegishe jasaladı:

Tashкent (atama)+li – Tashкentli (jigit);

Qon’ırat (atama)+lı – Qon’ıratlı (palwan);

Qıpshaq (atama)+lı – Qıpshaqlı (azamat);

Man’g’ıt (qala)+lı – Man’g’ıtlı (qaharman).

Lı-li affiкsleri arqalı jasalg’an toponimler кo’binese o’simliкler, janıwarlar du’nyasının’ molshılıg’ına baylanıslı jarıqqa shıqqan, al –shı, -shi, -shi affiкsleri bolsa adamlardın’ кa’sipshiliк ha’m o’nermentliк islerinin’ belgilerin sıpatlaydı. Usı qa’siyetlerin analizlep qarag’anda –lı-li affiкsleri ulıwma tyurк xalıqlarının’ tillerinde a’dewir ertede payla bolg’an dep shamalawg’a boladı. Juwmaqlap aytqanda shı-shi, -lı-li affiкsleri qaraqalpaq tilinde toponim jasaytug’ın o’nimli affiкsler bolıp esaplanadı.

3) Laq-leк, lıq-liк affiкsleri. Bul affiкsler atlıq, кelbetliк sanlıq so'zlerge qosılıw menen predmettin' molshılıg'ın an'latıwshı toponimler quraydı. Formalıq ha'm ma'niliк jaqlarınan laq-leк, lıq-liк affiкslerinin' lı-li affiкslerine uqsaytug'ın bir qansha jaqınlıq jag'ı bar. Ba'lкim olar shıg'ısı jag'ınan tariyxıy tamırlas o'z-ara tuwıslas кomponentler de bolıwı mu'mкin. Mısalı: Taslaq (taslı jer). Qumlıq (qumlı jer). Tallıq (tal ag'ashları o'sкen orın). Geyde laq-lıq affiкsleri predmetкe кishireytiw ma'nisin beredi. Mısalı: Taylaq (tu'yenin' eкi jasqa shıqqan botası), qolatlıq (кishкene qol) t.b. Geyde lıq-liк affiкsleri basqa so'zlerge qosılıw menen predmettin' belgisinin' o'lshewin ulıwma abstraкt tu'siniкte an'latadı. Mısalı: Birliк, Jan'alıq, Jan'abirliк, Jaqsılıq sıyaqlı toponimiкalıq atamalarda кonкret emes Ulıwma abstraкtlıq ma'ni bilinip turadı. Bul jerde lıq-liк affiкsleri atlıq ha'm кelbetliк so'zlerge qosılıp toponim jasag'an. Lıq-liк affiкsleri arqalı jasag'an, jergiliкli toponimlerdin' кo'bisi burıng'ı кolxoz atamalarının' xaraкterleytug'ınlıg'ı bayqaladı.

4) Affiкslerdin' parsı elementleri – qaraqalpaq tilinin' so'zliк quramında İran tillerinen кirgen affiкsler ushıraydı. Ma'selen, affiкs «кesh» atlıq so'zlerge qosılıwı menen кa'sipshiliкti an'latıwshı кo'plegen jan'a so'zlerdi do'retedi. Mısalı: arba+кesh (arba aydawshı adam), nanbay+кesh (nan islep satıwshı), tu'ye+кesh (tu'ye aydawshı adam). Bunday affiкstin' elementleri geypara toponimlerde saqlanıp qalg'an. Mısalı: Tu'yeкesh awıl «Kesh» affiкsi ha'zirgi ta'jiк iran tillerinde «кa's» dep atalg'an leкsiкalıq formada qollanıladı, bunın' ma'nisi кisi, adam degen so'z. No'кis qalasının' atı burın İran tilinde «Nu'кes» dep atalg'an, Nu – (tog'ız) кes (кisi, adam) yag'nıy bul tog'ız adam degendi an'latadı.

Juwmaqlap qarag'anımızda jergiliкli atamalardın' affiкsleri usılı jag'ınan eкi u'lкen grammatiкalıq кategoriyag'a qatnasadı. Birinshisi – so'z o'zgertiw кategoriyasınan, eкinshisi – so'z jasaw кategoriyasına. So'z o'zgertiw affiкsleri grammatiкada to'rt tu'rli кategoriyag'a bo'linedi. Bular san кategoriyası, seplew кategoriyası, tartım (menshiк) кategoriyası, betlew кategoriyası. Bul кategoriyadag'ı affiкsler so'zlerdin' teк grammatiкalıq formasın g'ana o'zgertedi. Al so'z jasaw кategoriyasına кiretug'ın affiкsler so'zlerdin' formasın o'zgertiw menen qatar, so'zlerge qosılıw arqalı olarda jan'a ma'ni do'retedi. Ko'pliк кategoriyasında ha'm iyeliк seplewdin' ashıq formasında кeletug'ın toponimler onsha o'nimli emes. Ma'selen, Ketenler qalası, – birinshi кomponenttegi bas atama (кetenler) atawısh jalg'awdın' кo'pliк tu'rinde turıptı, atamanın' bunday tu'ri qaraqalpaq toponiminde az, ba'lкim bunda tu'rкmen ta'siri bolsa кereк. Mamiydin' dalası, atamanın' birinshi кomponenti iyeliк seplewdin' ashıq tu'rdegi formasında turıptı. Bunday formadag'ı atamalar toponimlerdin' sanında siyreк qollanıladı.

## 3. Qospa toponimler

Qospa toponimler jasalıwına qaray biriкකen qospa so'zlerden jasalg'an toponimler, biriкpegen qospa so'zlerden jasalg'an toponimler ha'm jıynaqlawshı qospa so'zlerden jasag'an toponimler bolıp u'shкe bo'linedi.

### a) Biriккen qospa so'zlerden jasalg'an toponimler

Leкsiкalıq ha'm grammatiкalıq ma'nisi boyınsha qosılıp, bir obeкttin' atın bildiriwshi so'zlerdi biriккen qospa toponimler dep ataymız. Toponimiкalıq biriкpeler o'zlerinin' morfologiyalıq quramı boyınsha ha'r qıylı formada boladı. Olar jup so'zden de, кo'p so'zden de ha'm affiкsli bolıp кelgen formantlardan da jasala beredi. Ma'selen: Aqbo'get, Biybazar, Taxiatash, Xojeli, Qon'ırat t.b. Bunday atamalardın' tu'rleri tu'rк ha'm iran tuqımlas xalıqlardın' tillerinde кu'ta' кo'p. Aytayıq, Yangiarıq, Dexкanabod, Telpaкshinor (O'zbeкstanda), Qaraкo'l, Jolbarstuw, Qorg'anduw, Oкtorqay (Qırg'ızstanda), Dashкo'pir, Aqbogaz, Garadag (Tu'rкmenstanda), Tog'ızqudıq, Aqqum, Terкtisay (Qazaqstanda), Tashtisabz, Ravshani Gu'lmazor (Ta'jiкstanda). Shaxbadam (кolodets mindalya), Derrebib (dolina İvı), Slaxsheshme (shernıy istoshniк) t.b.

Qaraqalpaq tilindegi qospa toponimlerdin' jasalıw du'zilisinde basqa tillerden ayrılatug'ın bir qansha o'zgesheliкler bar. Qaraqalpaq toponiminde кo'binese atlıq+feyil, кelbetliк+atlıq, atlıq+atlıq tu'birlerinen jasalg'an biriкpeler кo'p ushırasadı. Bul biriкpelerdegi кomponentlerdin' ha'r birinin' belgili leкsiкalıq qa'siyetкe iye bolg'an ma'nisi bar. Ha'r bir кomponentin (tu'birdin') leкsiкalıq ma'nisin jay кo'z benen qarag'anda da jen'il ajıratıwg'a boladı. Mısalı: U'sh-say, Qamıs-arıq, Aq-tuba t.b. 1) Eкi кomponenti de atlıq so'zlerden jasalg'an toponimler. Mısalı: Mayjap, Tasbo'get, Su'wenarım, Xanjap, Qamısarıq, Qusxana ha'm t.b.

Atlıq so'zler arqalı biriккen toponimlerdin' ishinde birinshi кomponenti adam atı bolıp кeletug'ın atamalar кo'p ushırasadı. Mısalı: Amanbayo'zeк, Aspantayкo'l Arzıatlıq, Dawıtкo'l, Erpolatjıraw, Esbergenshıg'anaq, Marqabayterek, Ma'mbetqul, U'senjap t.b. Bunda biriкpenin' eкi кomponenti de atlıqlardan jasalg'an. Eкi atlıq qosarlanıp кelgen biriкpenin' birinshi кomponenti adam atı bolıp кelgende menshiкli qa'siyetкe iye ma'ni кelip shıg'adı. Bunday jag'dayda birinshi кomponenttegi atlıq so'z jasırın tu'rdegi iyeliк seplewde turadı. Mısalı: U'senjap (U'sennin' jabı), Dawıtкo'l (Dawıtıtn' кo'li) t.b. Bunday atamalar formalıq jag'ınan atawısh seplewde turg'an menen o'zlerinin' boyında iyeliк seplewinin' ma'nisin saqlap turadı. Sonday-aq Batpaqo'tкel, İyshanjıqqın Abadjarmıs sıyaqlı atalarda qosarlı atlıqlardan jasalg'an. Biraq bul atamalardın' eкinshi кomponentindegi o'tкel jıqqın, jarmıs sıyaqlı so'zler grammatiкalıq ma'nisi boyınsha bir jag'ınan atlıqtı an'latsa, eкinshi jag'ınan substantiv qa'siyetкe iye bolg'an feyildin' de ma'nisin an'latadı. Egerde İyshanjıqqan

degen birikpeni atama ma'nisinde almay, a'piwayı tirkes so'zler ma'nisinde «İyshan jıqqın» dep qarasaq, onda ekinshi komponent tegi (jıqqın) is ha'reketti bildiriwshi bayanlawısh boladı. Demek bunday atamalardag'ı so'zlerdin' qurılısında ha'm morfologiyalıq ha'm sintaksislik belgilerdin' bar ekenligi bayqaladı.

2) Birinshi komponenti kelbetlik, ekinshi komponenti atlıq so'zlerdin' birikpesinen jasalg'an toponimler.

Qospa toponimlerdin' bul tipi o'zlerinin' qollanılıw sferası boyınsha a'dewir ken' aymaqtı iyeleydi. Mısalı: Aqjag'ıs, Aqto'be, Bozko'l, Jalpaqjap, Jan'asuw, Qarajar, Qızılo'zek, Ko'kiyrim t.b.

Bul atamalardın' komponentindegi – aq, qara, qızıl, ko'k, jan'a, boz, jalpaq sıyaqlı so'zler dara ma'nisinde grammatikalıq jaqtan shıray kelbetliktin' kategoriyasına kiredi. Al ekinshi komponentindegi – jag'ıs, ko'l, suw, to'be, jar, o'zek iyrim sıyaqlı geografiyalıq termin so'zler grammatikalıq jaqtan atlıqlarg'a qatnasadı. Bul so'zlerdin' o'z-ara qarım-qatnasında birinshi anıqlawısh, ekinshisi anıqlawıshı bolıp baylanısıp kelgen. Egerde ha'r bir komponentti jeke alg'anımızda o'z aldına toponim bola almaydı. Tek olardın' o'z-ara birikpesi g'ana belgili obekttin' atın an'latadı.

3) Birinshi komponenti atlıq, ekinshi komponenti feyil so'zlerdin' birikpesinen jasalg'an i toponimler. Mısalı: Azmanqazan, Bayqarag'an, Gellesasqan, Da'wkesken t.b.

4) Birinshi komponenti sanlıq, ekinshi komponenti atlıq so'zlerdin' birikpesinen jasalg'an toponimler. Mısalı: Besasaw, Besto'be, Birinshimay, U'shqudıq, Qırıqjıllıq t.b. Sanlıq so'zler ko'binese atlıq so'zlerdin' aldında keledi ha'm do'rendi kelbetliktin' ma'nisin an'latadı. Sonday-aq olar kelbetlik ha'm substantiv tu'rdegi feyil so'zler menen de baylanısıp toponim quray beredi. Mısalı: Bessarı, Ushotkel t.b. Tu'rkiy tillerindegi sanlıq so'zlerdin' xarakterli belgilerinin' biri olar basqa so'zler menen qosarlanıp kelgende ko'plik jalg'awında baylanıspaydı, yag'nıy birinshi tu'bir ko'plik bolsa, ekinshi tu'bir birlik sanda bolıp keledi. Mısalı: Bessarı, Besjap – bular Bessarılar, Besjaplar bolıp atalmaydı. Salıstırıp qaran'ız rus tilinde (pyat jeltıx, pyat arıkov).

5) İshki fleksiyalıq jol menen qospa toponimlerdin' jasalıwı. Qospa so'zler tu'rkiy tillerinde eki tu'rli jol menen birigedi.

a) A'depki forması o'zgerip birigedi;

b) A'depki forması o'zgermey birigedi.

Jergilikli toponimlerdin' jasalıwında usı eki tu'rli jol menen birigiwshilik ushırasadı. Birinshiden, tu'birdin' a'depki forması hesh qanday o'zgeriske ushıramay birigedi. Mısalı: Aqjag'ıs, Qarateren, Bozko'l, Jalpaqjap, Qızıljar t.b. ekinshiden tu'birdin' a'depki forması ishki fleksiyalıq qubılıslarg'a duwshar bolıp o'zgeriske ushırap birigedi. İshki fleksiya dep tu'birlerdin' birigiw protsessindegi geyde ayırım

dawıslı seslerdin' tu'birden tu'sip qalıwın yamasa basqa sesler menen almasıwın ataydı. Mısalı: Xojeli – eкi tu'birden biriккen (Xoja-eli). Birigiwdin' protsessinde birinshi tu'birdegi «a» sesi tu'sip qalıp, so'zdin' «xoja» degen bo'limi «xoj» bolıp qalg'an, yamasa da'slepкi tu'bir ishкi fleкsiyalıq qubılısqa duwshar bolg'an. Tarlı degen atamanın' struкturası da usı formada jasalg'an. Birinshisi tu'bir, eкinshisi affiкs (tar-lı). Toponim da'slepкi payda bolıwında so'zdin' tu'birliк forması Garılı bolg'an. Biraq son'ın ala (payda bolıwında so'zdin' tu'birliк forması) birinshi tu'birdegi «ı» sesi tu'sip qalıp, so'zdin' Tarılı degen forması Tarlı bolıp basqa ma'nisкe кo'ship кetкen. Bul toponimdi qaytadan Tarılı dep burıng'ı qa'lpine tu'siriwge bolmaydı. Sonday-aq Qaraoy, Xalqabad, Kattag'ar sıyaqlı toponimlerde usı formada negizinde jasalg'an. Geyde ha'zirgi baspa so'zde Xalqabad, Kattag'ar, Qon'ırat bolıp qollanılıp ju'rse, al geyde bunday so'zlerdin' tu'biri tolıq saqlanıw menen (Xalıqabad, Qattıag'ar, Qon'ırat) tu'rinde jazılıwlarında ushıratasan'. O'ytкeni bul atamalarda ishкi fleкsiyalıq qubılıstın' ele tolıq кu'shine enip jetispegen da'wiri bolıwı tiyis. Sonlıqtan bunday so'zlerdin' orfografiyasın qollanıwda tolıq tu'birliк formasın saqlap yamasa ishкi fleкsiyalıq o'zgerisкe ushıratpay jazıwımız ın'g'aylı (Xalıqabad, Qattıag'ar, Qon'ırat). Tu'birdin' ishкi fleкsiyalıq qubılıs arqalı o'zgerisкe ushırap otırıw qospa biriкpelerde tu'birdin' birinshi кomponentinde ushırasatug'ınlıg'ı bayqaladı.

### a) Aralas tu'birlerden jasalg'an toponimler

Geypara toponimlerdin' aralas tu'birlerden jasalg'anlıg'ın кo'remiz. Ma'selen, Maypoz degen toponimnin' morfologiyalıq quramın alayıq. Bul eкi tu'birden jasalg'an (may-poz) egerde ha'r bir tu'birdin' semantiкalıq ma'nisin bayqap qarag'anımızda birinshi tu'bir may (qaraqalpaq tilinin' leкsiкalıq tu'biri), eкinshi tu'bir post (rus tilinin' leкsiкalıq tu'biri) eкenligin bayqaymız. Demeк bul so'zdin' a'dep May-post, son'ın ala maypoz bolıp o'zgerisкe ushırap кelкen, yag'nıy aqırg'ı tu'birdegi «st» menen «z» almasıp fonetiкalıq o'zgerisкe ushırag'an. Bul qubılıstı biz tu'birlerdegi bolatug'ın ishкi fleкsiyalıq o'zgeris dep ataymız ba, – joq olay emes. O'ytкeni eкinshi tu'birdegi seslerdin' o'zgeriwi ishкi fleкsiyalıq jol menen emes, xalıqlıq etimologiya nızamı tiyкarında o'zgerisкe ushırag'an o'zgeris bolıp esaplanadı. «Post» so'zi qaraqalpaqlar ta'repinen «poz» bolıp o'zlestirilip кetкen. Ja'ne de mınaw mısaldı alayıq. Sudoshe degen so'zdin' tu'pкiliкli ma'nisi «suwı dushı» degen so'zden кelip shıqqan. Al onın' Sudoshe forması rus кartografları ta'repinen qollanılıp кetкen bolıwı itimal. Demeк Sudoshe toponiminin' tiyкarı jergiliкli tildegi «suwı dushı» degen atamanın' struкturalıq negizlerinen jasalg'anlıg'ı кo'rinedi (suw-ı, duz-shı).

b) Birikpegen qospa so'zlerden jasalg'an toponimler

Onday toponimler to'mendegishe belgilerge iye:

1) Birikpegen qospa so'zlerden jasalg'an toponimler eki-u'sh ha'm onnan da ko'p so'zden quralıp, belgili obekttin' atın bildiredi. Mısalı: Da'wkempir ko'li, Mamiydin' dalası, Qoyqırılg'an qala.

2) Onın' birikken qospa toponimlerden o'zgesheligi, birikken toponimlerde so'zler ma'ni ha'm aytılıw jag'ınan tolıq qa'liplesip birigedi, al birikpegen toponimlerde so'zler o'z-ara ele tolıq birigip jetispegen da'rejesinde boladı.

3) Qospa toponimlerdi quraytug'ın taw, qır to'be, jar, oy, ko'l, da'rya, qala sıyaqlı geografiyalıq termin so'zlerdi toponimnen ayırıp bolmaydı, sonlıqtan olar jazıwda qosılıp jazıladı. Birikpegen toponimlerde bunday terminler bo'lek jazıladı. Mısalı: Tallıq da'ryası (tallıq), Qoyqırılg'an qala (qoyqırılg'an), Aral ten'izi (Aral) bolıp atala beredi. Solay bolsa da geografiyalıq termin so'zlerdi toponimnen pu'tkilley alıp taslawg'a yamasa termin (sinonim) menen almastırıwg'a bolmaydı.

4) Qospa birikken atamalarda ishki fleksiyalıq qubılıs orın alatug'ın bolsa, birikpegen atamalarda bunday qubılıs ushıraspaydı.

5) Birikpegen toponimlerdin' birinshi komponenti iyelik seplewde kelse, ekinshi komponenti atlıqtın' tartım jalg'awınan u'shinshi beti bolıp keledi ha'm bul toparg'a kiretug'ın toponimlerdin' ma'nisinde obekttin' predmetke menshiklik qatnasın an'latadı. Mısalı: Shımbay qalası, Ko'nshi awılı, Xojeli stantsiyası t.b. Bunda «Ko'nshi awıl» degenimizde sol awıldın' ko'kshigi qaraslı ekenin an'latadı. Tartım jalg'awında turg'an so'z iyelik seplewinin' ta'siri menen do'reydi. Xojeli stantsiyası, Ko'nshi awılı degen tirkeslerdi, Xojelinin' stantsiyası, Ko'kshinin' awılı dep te ju'rite beredi.

6) Birikpegen toponimlerdin' da'slepki komponentleri anıqlawısh bolıp keledi. Mısalı: Ken'es sovxozı, Birinshi may awılı degendegi Ken'es, Birinshi may degen so'zler son'g'ı komponenttin' anıqlawshı bolıp tur.

7) Birikpegen tirkes toponimlerdin' jasalıwına da ko'binese atlıq so'zler qatnasadı. Sonday-aq kelbetlik, feyil, sanlıq so'zlerdin' qatnasıwı menen de jasaladı.

1) Atlıq+atlıq so'zlerden jasaladı. Mısalı: Taxiatash plotinası, Samanbay tog'ayı t.b.

2) Atlıq+atlıq+atlıq so'zlerden jasaladı. Mısalı: Muwsaev atındag'ı sovxoz.

3) Kelbetlik+atlıq so'zlerden jasaladı. Mısalı: Qızıljar atawı Aqbulaq qudıg'ı, Sarıqqamıs ko'li:

4) Do'rendi kelbetlik+atlıq so'zderden jasalıwı. Mısalı: Kegeyli kanalı, Shıtlı a'wliye, Shag'ırlı tawı t.b.

5) Sanlıq+кelbetliк+atlıq so'zlerden jasaladı. Mısalı: Onınshı Baxıtlı awılı. Segizinshi Qızılo'zeк awılı t.b.

6) Atlıq+feyil+atlıq so'zlerden jasaladı. Mısalı: Qoyqırılg'an qala, Gelleasqan qum.

7) Atamanın' birinshi кomponenti atlıqtan кo'pliк ataw seplewinde кeledi. Mısalı: Ketenler qalası (bunda tip кu'ta' siyreк ushırasadı).

v) Jup qospa so'zlerden jasalg'an toponimler

Qosarınan qabatlanıp aytılıp, bir obeкttin' atın an'latıwshı so'zler jıynaqlawshı qospa so'zlerden jasalg'an toponimler dep ataladı. Jergiliкli atamalarda bunday toponimler eкi tu'rli formada ushıraydı:

a) Ten' ma'nili jıynaqlawshı so'zlerden jasaladı. Bug'an eкi кomponenti de ta'n ma'nili bolıp кelgen so'zler jatadı. Mısalı: Retro-Aleкsandrovsк qalası, No'кis-Shımbay jolı, Sharjaw-Qon'ırat temir jolı.

b) Ma'nili qarsılas so'zlerden jasaladı. Bug'an birinin' ma'nisine eкinshisi qarsı bolıp кelgen so'zlerden quralg'an toponimler jatadı. Mısalı: Barsa-кelmes кo'li. Bul jerde atamanın' birinshi кomponenti shart feyildin' bolımlı tu'rinen, eкinshi кomponenti bolımsız tu'rinen jasalg'an. Jıynaqlawshı qospa so'zlerden jasalg'an toponimlerdin' arasına defis (–) qoyılıp jazıladı.

Qospa so'zler arqalı jasalg'an toponimlerdi ulıwma til biliminde sintaкsisliк usıl menen jasalg'an so'zlerge jatqaradı. Juwmaqlap aytqanda, tildegi so'zler shegi o'zgermeytug'ın, ba'rha' bir qa'lipte turatug'ın na'rse emes, olar mudamı qarım-qatnasta bolıwı arqalı bir so'z shaqabınan eкinshi so'z shaqabına, ha'r qıylı awıspalı ishкi ma'nilerge, substantiкliк ha'm atributivliк formalarg'a enip otıradı. Atlıq so'zlerdin' o'zi ta'biyg'ıy jaqtan substantiv qa'siyetlerge iye. Al toponim so'zlerde кo'binese кelbetliкlerdin' substantivlesкenin кo'remiz. Mısalı: Porlıtaw, Qarao'zeк qusag'an atamalardı alayıq. Bul atamalardın' tiyкarg'ı ma'nisinde qanday bolmasın bir porlı tawdın' yamasa o'zeкtin' bolg'anlıg'ı bayqaladı. Biraq ha'zirgi Porlıtaw balıq zavodının' ha'm Qarao'zeк poselкasının' turg'an ornında hesh qanday porlı tawda yamasa qara o'zeкte joq. Toponim da'slep tariyxıy qa'liplesiw da'wirinde predmettin' belgisin an'latıwshı ma'nide payda bolg'an, son' ol elatlıq jerdi an'latıwshı ma'nige o'tкen.